



IICA

Radyo Ekstansyon
Pwojè Repèpleman Kochon

IICA-CIDIA



PWOGRAM RADYO RIRAL

3 Pawòl


Vol.: IV


Piblikasyon No.: A2/HT-88-173

IICA
C20
M277
v.4

Otè:

*Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*





Pou premye fwa Enstiti Entèameriken pou Kooperasyon nan Agrikilti IIKA, ajoute yon seksyon nan pwogram ekstansyon "pwojè repapleman kochon" - yon pwogram radyo ekstansyon osèvis kominote riral-yo.

Direksyon IIKA/Ayiti, voye yon gwo kout chapo pou:

Danièle Mangonès-Dejean

ki Koòdonatèz pwogram radyo ekstansyon-an e ki te kreye pwogram-yo.

Pwogram-yo se yon rezilta demand ke abitan-yo tè fè ekip ekstansyon IIKA-a depi 1984 lè nou te kòmanse fè fòmasyon pou yo nan tout rakwen peyi-an. Pwogram sa-yo, se yon echantiyon travay nou fè andeyò dirèkteman ak abitan-yo.

Chak jou, peyizan-yo ka koute pwogram agrikòl-yo "3 Pawòl" sou radyo, ki pataje anpil kòzman avèk yo sou elvaj bèf, poul, kabrit, milèt, chwal, kochon elatriye. Li pale-yo de rebwazman, konsèvasyon tè-nou-yo ak agrikilti an jeneral. Epitou li gen ti konsèy sou ijyèn familyal ak sante piblik.

Nou swete ke avèk asistans elvè-nou-yo ap resevwa nan 50 diferan zòn peyi-an, pwogram radyo riral-lan ka ede-yo piplis e fè-yo jwenn pwòp solisyon-yo kote yo pa't gen l'espwa anvan.

Nou ankouraje nenpòt ki òganizasyon ki ta vle kontinye ede elvè Ayisyen-yo, pou sèvi ak enfòmasyon sa-yo.

Nou te rive fè pwogram sa-yo gras a asistans teknik **RADYO NEDELEN** ki te fòm 5 moun an Ayiti nan domèn kominikasyon riral. Nou remesye-vo pou asistans sila-a

Percy Aitken-Soux
Reprezantan Rezidan
IIKA/Ayiti



307

1102
12111
88-173

00000483

REMESIMAN

*Nou konnen ke travay ekstansyon se yon travay ekip li ye.
Donk mwen ta renmen remèsye kolaborasyon tou dabò:*

Direktè Pwojè Repèpleman Kochon

Drew Kutschenreuter

ak Doktè Maureen Birmingham

Doktè Ariel Azael

Nitrisyonis Alfredo Mena

epi agronòm-nou-yo:

Willy Lamur

Michelet Mascary

Raoul Jean-Louis

Jean-Claude Beauvais

Pierre St. Leger

Renaud Jean

*Enstitisyon MCC ak PADF epi Chavannes Jean-Baptiste
ak tout lòt konpratriyèt-yo ki gen enterè Ayiti nan
kè-yo.*

*Tout moun sa-yo te banm anpil lide pou fè diferan pwogram
 radyo riral-yo.*

*Mwen ta renmen remesye espesyalman Radyo Ayiti Entè pou
realizasyon pwogram-yo epi pou asistans teknik Mano epi chèf
pwodiksyon-yo-an Jean-Israel Ramo pou pasyans ak kolaborasyon-
yo epi vwa-yo.*


*Nou apresye kreyativite elvè Grandans-yo pou diferan chante
sou sante bèt ke yo te fè-nou jwenn pou diferan pwogram epitou
Helen Welle pou chante sou 3 manje ak kèk lòt.*



Danièle Mangonès-Dejean

Kòdonatèz Radyo Ekstansyon

IIKA/Ayiti



Chak volim reprezante 20 pwogram radyo rural

Chak Volim represante 1 mwa difizyon

Pwogram Lendi jiska Jedi difize pandan 7 minit


Pwogram Vandredi difize pandan 15 minit

Chak volim gen 2 kasèt 90 minit ki ale avèk-yo

Kasèt sa-yo ale andeyò nan men 50 fòmàtè ki fè fòmasyon pou milye peyizan e milye peyizan sa-yo pataje konesans-yo ak milye lòt. Nou voye leson ki ekri-yo tou anplis, nou voye yon kesyonè pou'n rive konnen opinyon elvè-yo sou pwogram-nan. Ki vle di si kèk bagay pa't klè oubyen yon abitan tè manke yon pati de yon pwogram, li ka gen opotinite ratrape'l ak fòmàtè nan zòn kote l'ap travay-lan.

Aprè nou difize 3 mwa de pwogram diferan, nou rebran yon seri de sa ke elvè-yo remande epitou sistematikman nou rebran leson ki trè teknik-yo Plizyè fwa sou dèt fòm.





PWOGRAM 3 PAWOL KI NAN VOL.: IV

- . *Entèviou ak Joseph Omero (Elevè Zòn Hinch Sou Zafè Kochon)*
- . *Kòzman ak Joseph Omero, (Elevè Zòn Hinch sou Itilizasyon Ji Kann Nan Manje Kochon*
- . *Zen Sou Kann*
- . *Entèviou ak Pierre St. Leger, Yon Elevè Zòn Arcahaie sou Zafè Kochon*
- . *Kòzman Sou Ji Kann Ak Pierre St. Leger*
- . *Gerizon San Remèd*
- . *Gerizon Avèk Dlo*
- . **DIAKOUT-LA CHAJE**
 - . *Entèviou ak Desenor St. Louis (Zòn Qua Cheri, Leon) sou Travay Animasyon*
- . *Pwoblèm Bay Bèt Dlo*
- . *Kòzman Ant Jean-Israel Ramo epi Danièle Mangonès-Dejean sou Plas Pwodiksyon Animal Genyen Nan Ekonomi Nasyonal-lan Epi lòt Kòzman Sou Elvaj Kochon*
- . *Konvèsasyon Danièle Mangonès-Dejean te fè Ak William Pierre Louis (Lidè Kominotè Zòn Gran Vensan) sou Antrèd Ki Genyen Ant Moun Ki Resevwa Fòmasyon Ak Sa Ki Poko Resevwa-yo*
- . *Manje Ki Pwoteje Kò-a*
- . **DIAKOUT-LA CHAJE**
 - . *Entèviou ak Lejèn Pyè (Ankadre Sant Popilè Edikasyon Riral Pwojè Jebo*
 - . *Kisa Pou'n Fè Si Nou Gen kèk Kesyon Sou Pwogram 3 Pawòl*
 - . *Non Ak Zòn Fòmasyon-nou-yo Ki Travay Nan Tout Rakwen Peyi-an*



- . *Krik/Krak - Devinèt sou Zafè Elvaj*
- . *An-nou Louvri Je-Nou Sou Pwoblèm Parazit Nan Milye Riral-Lan*
- . *Yon Ti Refleksyon Sou Bagay Sa-Yo*
- . *Enfòmasyon sou: Pou, Karang, Ak Pis*
- . *Chante sou An-Nou PLante Bwa*
- . *Chante Sou Latrin*
- . *Konsèy Enfimye Veterinè Jean-Claude Beauvais sou:*
 - Enspeksyon Vyann*
 - Kèk Bagay Nou Dwe Obsève Anvan Nou Tiye Yon Bèt Pou Vann Vyann-li*
 - Kisa Nou Dwe Fè Si Nou Doute De Yon Bèt Oubyen Si Nou Doute Maladi Rantre Sou Li*
 - Kisa Nou Dwe Fè Si Maladi Kontajyèz Tonbe Sou Bèt Nou*
- . *Atik "92" Kod Riral*
- . *Swen Pou Bay Ti Kabrit*
- . *Kijan Pou Retire Kòn-Yo*
- . *Lè Ou Pral Achte Kabrit, Kijan Pou Chwazi-yo*
- . *Teyat 3 Pawòl*
 - Konnen Danje Ki Genyen Lè Nou Mete Ensektisid Nan Danre Na Pral Manje*
 - Konnen Kòman Nou Kapab Okipe Dan-Nou Byen*
- . *DIAKOUT-LA CHAJE*
 - . *Kòzman Danièle Mangonès-Dejean Fè Avèk Marty Gingerich Ki Travay Ak Groupman Nan Zòn Bwa Lorans Sou Teknik Jaden*
 - . *Enfòmasyon Sou System Ekstansyon IKA*
- . *Manman Kochon Ki Manke Lèt*
- . *Konèy Doktè Morin Sou Zafè Kwazman*
- . *Kè Ti Konsèy Sou Mizba*
- . *Kèk Ti Konsèy Doktè Morin Si Nou Gen Bèf, Chwal, Kochon Oswa Kabrit*
- . *Kijan Pou Fè Bon Fwen*
- . *Kòzman Sou Kisa Nou Rele Yon Gwoup*
- . *Ròl Yon Animatè Nan Devlopman Riral*
- . *Yon Eklèsisman 3 Pawòl Ap Fè Pou Kèk Elvè Sou Diferan Swen*




Yo Fèt Pou Bay Bèt-Yo An Jeneral

. DIAKOUT-LA CHAJE

- . Kijan Pou Nou Bay Kochon-Nou-Yo Manje*
- . Kijan Pou Chwazi Yon Chwal apou Achte*
- . Maladi Nou Rele Chabon*
- . Kisa Pou'n Fè Si Nou Gen Kèk Pwoblèm*
- . Kisa Pou'n Fè Si Nou Ta Renmen Kèk fòmasyon Bò
Lakay-Nou*





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 15 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl genyen pou nou yon ti kòzman ak Joseph Omero, yon elvè nan zòn Hinche sou zafè kochon. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje ti koze sa-a avèk nou.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Joseph, depi konbyen tan w'ap fè elvaj kochon?

KONTWOL: KASET KOTE (B) DE: 011 JISKA ANT 158 AK 159

NAR.1: N'ap rete la. Demen n'ap fèmen kòzman sou ji kann-nan ak Joseph Omero.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 16 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl ap kontinye pale ak Joseph Omero, yon elvè de zòn Hinche, sou itilizasyon ji kann nan manje kochon epi n'ap bannou kèk zen sou kann. Nou envite-nou tande ti koze sa-yo. ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA.

KONTWOL: KASET KOTE (B) DE: 159 JISKA: 227

NAR.1: Kounye-a n'ap bannou kèk zen sou kann.

Kann, se yon kilti ki trè popilè an Ayiti e ki genyen yon tradisyon nan kilti-nou-an depi nan tan gran gran papa-nou. Nou ka jwenn kokennchen plantasyon kann nan Plèn Leogan, Plèn di-Kil de Sak, Plèn Okay epi nan Plato Santral.

Kilti sa-a gen anpil itilite nan peyi-nou-an. Yo sèvi ak 80 pou san kann-nan pou fè siwo anvan yo sèvi ak siwo sa-a pou fè kleren epi nou sèvi sèlman ak 20 pou san ki rete-an pou'n fè sik.

Yon bon chanjman nan tradisyon sa-a ta ka pèmèt-nou itilize ji kann pou'n bay kochon nou-yo manje. Men, kijan pou'n fè sa? Sou ki fòm pou'n bay kann-lan?

Nou ka premyèman sèvi ak ji kann-lan konsa. Nou ka fè sa fasilman. Gen moulen kann ki fèt nan peyi-an menm, ke bèt



tankou milèt, bèf oswa chwal ka rale.

Se yon sous enèji ji kann-nan ye pou kochon-yo ki p'ap koute nou twò chè. Enèji se tankou gazdò'l li ye. Ji kann-nan se yon manje ki pa koute nou twò chè e ke nou ka melanje ak lòt bagay tankou fèy, pay epi son-yo.

Lè ou sèvi ak ji kann ou pa bezwen achte manje konplè. sèl bagay, fòk ou melanje'l ak fèy oubyen si ou kapab, achte yon ti konsantre.

Konsantre-an se yon sous pwoteyin li ye. Pwoteyin-nan se sa ki fè vyann nan kò bèt-la. Pou pi piti, konsantre dwe genyen 38 pou san pwoteyin .

Nou di ke nan yon manje konplè, byen balanse, konsantre-an se poto mitan manje-an li ye.

Kochon ki manje ji kann ak yon ti konsantre melanje ladan'l grandi pi vit ke kochon k'ap manje son de ble ak manje konplè nou jwenn achte ki deja tou pare.

N'ap bannou kèk ti resèt pou nou ka bay kochon-yo ji kann pou yo byen pwofite. N'ap bannou kantite pou jenn kochon, kochon k'ap angrese epi kochon ki nouris.

Pou jenn kochon ou dwe bali 2 galon plis 1 ka ji kann melanje ak 1 liv 3 ka konsantre.

Pou kochon w'ap angrese ou dwe bali 2 galon 3 ka melanje ak 2 liv konsantre. Pou kochon ki nouris-la menm w'ap bali plis paske nou konnen li gen tout ti kochon-yo sou kont li. N'ap bay kochon ki nouris-lan 3 a 4 galon ji kann melanje ak 3 a 4 liv konsantre paske manman nouris-la ap fè lèt e li gen tout ti kochon-yo sou kont-li.

Yon lòt jan nou ka bay kann-nan tou se si nou rache'l an ti mòso men, nou rekòmande fason sa-a sèlman pou repwodiktè-yo sitou koure-yo epi tiri kochon ki plenn-yo paske ti kochon k'ap grandi e kochon ki an angrèsman pa grandi vit. Yo pa vrèman pwofite lè ou bayo kann-nan rache konsa.

Li trè zenpòtan pou sèvi ak bagas kann-nan epi dlo kann-lan pou bay kabrit, bèf ak poul-nou-yo manje. Konsa, nou sèvi ak



tout pwodui kann-lan nèt alkole.

Lè nou itilize ji kann pou alimante kochon-nou, nou kapab jwenn miyò rezilta, bèt nou-yo kapab pwofite pi byen epi anplis se yon veritab pwodui nasyonal li ye.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 17 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl ap fè yon ti kòzman ak Pierre St. Leger, yon elvè nan zòn Arcahaie sou zafè kochon.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Pierre, depi konbyen tan w'ap fè elvaj kochon?

KONTWOL: KASET KOTE (B) DE: 235 JISKA 320

NAR.1: N'ap rete la epi demen n'ap femen kòzman sa-a ak Pierre St. Leger sou zafè ji kann nan manje kochon.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 18 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl ap kontinye ak kòzman sou ji kann ke nou te kòmanse ayè ak Pierre St. Leger, yon elvè zòn Arcahaie. Epi nou pral pale de Gerizon san remèd ak gerizon avèk dlo. Nou envite-nou tande ti koze sa-yo ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo Ekstansyon IICA.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Eske peyizan-yo sèvi ak ji kann nan zòn-ou-an Pierre?

KONTWOL: KASET KOTE (B) DE:321 JISKA 370 (SA SE TE YON TI KOZMAN SOU JI KANN NAN MANJE KOCHON.)

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Eske nou te konnen ke gen anpil maladi ki pa mande remèd? Annefè, gen anpil maladi ki pa mande remèd. Kò bèt-la oswa moun-nan gen defans pa'l pou goumen kont maladi. Nan pi fò ka, se defans kò'l ki pi enpòtan pase remèd pou tounen bèt-la



an bòn sante ankò.

Lè ou deside itilize yon remèd, se toujou defans kò-a ki pou monte maladi-a. Remèd sèlman ede kò bèt-la nan travay pa'l. Se bon swen tankou pwòpte, poze, dlo, bon manje e lonbray ki toujou enpòtan pou ede bèt-la geri.

Gen de lè, nou bay remèd e bèt-la refè epi nou kwè se remèd-la menm ki te geri bèt-la. Men, li posib ke bèt-la t'ap refè poukont-li ni avèk ni san remèd-la.

Menm si nou rete lwen, kote ki pa gen famasy e nou pa ka jwenn remèd modèn, gen anpil bagay nou toujou kapab fè pou anpeche e trete pi fò maladi.

Gen anpil moun ki kwè twòp nan piki. Men, sonje bon elvaj pa sòti nan boutèy remèd. Bon elvaj pa sòti nan piki! Okontrè. Bon elvaj sòti nan konesans nou gen sou elvaj, bon manje, bon dlo e jefò nou fè pou'n evite pwoblèm e pou bay bèt nou bon swen chak jou.

Yon lòt bagay: si moun ta aprann kijan pou sèvi ak dlo kòrèkteman, sa sèlman ta ka fè plis pou anpeche e geri anpil maladi pase tout remèd yo sèvi e mal sèvi.

Kwè'm lè'm di-nou ke pi fò moun ka menm viv san remèd. Men, pa gen yon sèl kreyen vivan, ni yon bèt, ni yon plant ki ka viv san dlo. An reyalyte plis ke mwatye kò bèt-la se dlo li ye. Si tout abitan ta gen bon dlo ki pa lwen lakay-li epi si tout abitan ta sèvi ak dlo nan yon jan ki pi bon, kantite maladi ak lanmò, sitou nan jenn bèt ak timoun ta diminye anpil anpil.

Pa egzanp, dlo kritik pou anpeche e trete dyare. Gen anpil kote dyare se maladi ki pi kouran. Li touye plis jenn bèt ak ti moun jouk kounye-an nan peyi-nou. Anpil fwa, se dlo kontamine ak mikwòb ki kòz ladoba sa-a.

Sa ki touye jenn bèt-yo ak timoun-yo lè yo gen dyare se pwoblèm dezidratasyon ki vle di kò-a vin twò sèk. Donk, se sewòm oral ki ka sove timoun e ti bèt ki gen dyare. Lè yo bwè likid sa-a, Y'ap ranplase likid yo te pèdi-a. Se likid sa-a ki pi enpòtan pase tout remèd pou konbat pwoblèm dyare.



NAR.1: Nou konnen kilè dlo pi bon pase remèd?

Dlo pi bon pase remèd lè dyare akòz mikwòb atake trip-nou.

Dlo pi bon pase remèd lè nou gen enfeksyon sou po: fòk nou benyen souvan ak dlo.

Dlo pi bon pase remèd lè blesi ap tounen maleng: fòk nou lave blesi-an byen ak savon epi dlo.

Epi pou trete pwoblèm dezidrasyon fòk nou bwè anpil likid tankou dlo, ji ou sewòm oral.

Dlo se lavi. San dlo nou ka mouri. Annou chache sèvi ak bon dlo bò lakay-nou pou nou menm, pou timoun-nou-yo e pou bèt nou-yo tou.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE



A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 19 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Nou envite-nou koute ti koze diakout chaje pòte pou nou ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Jodi-a nou gen avèk nou Desenor st. Louis, yon pèsanaj ki sòti nan yon ti lokalite ki rele Qua Cheri, zòn Leon ki travay depi pliske 25 an ak yon pwojè legliz metodis Pwojè JEBO. Nou nan Jebo, ki fè pati Grandans nan zòn Sid peyi-an.

KONTWOL: KASET KOTE A DE: 453 (DESENOT ST LOUIS MOUN KI KOTE OU YE? JISKA FEN KOTE A-A.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 22 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PROGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: PWOBLEM BAY BET DLO. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Nan zòn riral peyi pa-ou, gen kokenchen pwoblèm nan zafè bay bèt bwè dlo, sa vle di kantite dlo ki nesèsè dapre travay bèt sa-a. E, gen lòt pwoblèm grav tou, se zafè kalite dlo nou dwe bay bèt-yo bwè.

NAR.1: Bèt ki bwè nan vye ma ki koronpi, kapab pran anpil maladi, anpil vè nan trip, fwa e nou menm kapab pran maladi sa-yo lè nou manje fwa bèt sa-yo. Eske nou konnen ki kantite dlo kò yon bèt genyen?

NAR.2: Nan ògann yon bèt, dlo se yon eleman enpòtan. Li reprezante yon materyo pou konstwi òganis-la. Pa egzanp, si kò bèt-la peze 100 kilo, nou dwe jwenn 60 kilogram dlo. Nou dwe aprann tou ke yon bèt ki gra gen pi piti dlo nan kò'l ke yon bèt mèg.



NAR.1: *Li trè bon pou'n konnen ke yon lit lèt gen 87 jiska 88 pou san dlo ladan'l. Konsa yon vach letyè k'ap bay lèt bezwen yon valè dlo pou ranplase dlo ke'l pèdi nan lèt ke'l bay-la. Pou chak lit lèt nou dwe bali 3 galon dlo. Konsa nou vin wè pi byen enpòtans valè dlo ke nou dwe bay bèt-yo, oubyen jèn zèb frèch ak nouriti ki gen dlo ke nou dwe toujou mete a dispozisyon bèt nou-yo.*

KONTWOL: KOTE B: CHANTE SOU KIJAN POU PRAN SWEN BET-OU

NAR.2: *Kò yon bèt se tankou yon sitèn oswa yon motè machinn. Nan kò bèt-la nou kapab di ke zafè dlo-a regle menm jan avèk yon sitèn ki gen tiyo ak robinèt ladan'l pou dlo-a pa gaspiye. Gen 60 pou san dlo ki rete kòm rezèv, lè kò-a gen twòp dlo pou li pa resevwa e lè kò-a bezwen dlo pou-li bali ti gout. Gen 10 pou san ki nan tout ti venn ki nan kò-a, ki vle di, tout bèt ki sou latè bezwen dlo pou yo bwè menm jan avèk nou menm kretyen vivan.*

NAR.1: *Yon lòt bagay ki trè zenpòtan sèke dlo-a kontwole degre chalè nan kò-nou. Se dlo nan kò moun ak bèt ki fè yo pa santi kò-yo ap pran dife. Lè bèt-la manje, dlo-a sèvi pou fè melanj manje-yo e se li menm tou ki fè nouriti-a pase nan san ni moun ni bèt.*

NAR.2: *Se dlo ki pèmèt ke tout sa ki pa bon nan kò moun ak nan kò bèt sòti deyò nan pipi. Pa egzanp, yon vach letyè kapab jete chak jou apeprè 10 lit pipi. Yon kochon ka jete 4 lit pipi. Yon mouton, yon kabrit ka jete 1 lit pipi. Dlo nan kò bèt-yo sèvi pou pwoteje kèk ògann tankou sèvo, je, ti pitit ki nan vant manman'l.*

NAR.1: *Kijan pou'n konnen valè dlo yon bèt bezwen? Ebyen, si bèt-la bezwen dlo se paske li pèdi dlo tou. Nou dwe konnen ke lè yon bèt pèdi dlo, konsa nou va toujou bali dlo pou li ranplase sa'l pèdi-an. Kijan bèt-la pèdi dlo, Ramo?*



NAR.2: Bèt-la pèdi dlo, lè ren'l ap travay, lè poumon'l ap travay, lè po'l ap travay. Nou konnen ke pati sa-yo toujou nan mouvman nan kò bèt-la.

NAR.1: Li pèdi dlo lè òganis-la bezwen kenbe yon tanperati ki pa twò cho pa egzanp lè bèt-la ap travay anpil:

NAR.2: Milèt ki nan moulen, bèf k'ap laboure tè, chwal ki fè rout lwen, menm jan avèk yon machin ki toujou bezwen gazoyl, dlo, lwil tou, tan l'ap travay. Menm jan ak yon moun ti toujou an mouvman oubyen k'ap fè rout nan mòn, li toujou swaf. Konsa tou, bèt k'ap grandi e bèt k'ap bay lèt bezwen yon valè dlo ke nou dwe pran konsyans de sa.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Lè bèt-la pou pou li pèdi yon valè dlo ke nou dwe ranplase. Menm jan tou yon bèt ki te gen dyare pèdi yon pakèt dlo e konsa nou gen bezwen bali dlo pou ranplase sa'l te pèdi. Mwen kwè ke nou va toujou reponn a bezwen dlo bèt-nou-yo dapre kote y'ap viv (kote ki fè cho, kote ki pa pre dlo, kote ki pa gen anpil fèy vèt ak zèb frèch.

NAR.2: Sa ki trè zenpòtan, nou dwe konnen ke depi bèt-la pa jwenn kantite dlo li bezwen, tout ògann nan kò'l ak tout sistèm nan kò'l ap mache mal. E, youn ap anpeche lòt mache epi tout bèt-nou p'ap janm pwodwi byen, jèn-yo p'ap grandi byen, vach letyè-yo p'ap bay valè lèt yo ta dwe bay e yo kapab pa bay lèt ditou e pou yo kapab sispenn ponn ze. Dan, eske ou ka esplike elvè-nou-yo ki fason ki pi senp pou bay bèt-yo dlo

NAR.1: Dapre tout gran save nan zafè elvaj zannimo domestik ak zannimo ekonomik se toujou mete dlo nan yon pozisyon ke bèt-la ka vin bwè'l lè li santi ke'l swaf. Kòm nou p'ap janm konnen ekzagteman lè bèt-la gen bezwen dlo. Epi tou nou dwe bay bèt feyaj, tèt kann, zèb vèt ak bwa bannann, 'konsa yo va jwenn yon ti dlo anlès de sa nou mete pou yo bwè-an. Men, fòk nou pa bliye, ijyèn nan zafè bay bèt dlo.



NAR.2: *Se sa menm, Dan, ijyèn. Menm jan n'ap chache dlo pwòp pou nou bwè, nou fèt pou'n bay bèt-yo dlo pwòp; san jèm mikwòb. Abrevwa kote nou mete dlo-a fèt pou netwaye, lè nou remake dlo ki ladan'l vle fè limon e l'ap vin sal. Sitou se se elvaj poul n'ap fè, nou dwe netwaye abrevwa-yo chak jou.*

NAR.1: *Pou vach ak bèf, nou ta dwe mete abrevwa-yo tou pre kote yo manje. Konsa nou va fasilite-yo pou yo pa fè twòp depasman.*

NAR.2: *Ki valè dlo yon bèt kapab bwè? Dapre enpòtans dlo nan òganis bèt-yo, li enpòtan tou pou nou konnen kantite total dlo yon bèt bezwen chak jou. Sa vle di kantite yo jwenn nan manje ak dlo nou mete pou yo bwè. Vach letyè bezwen:*

NAR.1: *12 e demi jiska 17 galon e demi chak jou. E toro bezwen:*

NAR.2: *10 jiska 12 galon e demi dlo chak jou. E chwal bezwen:*

NAR.1: *9 jiska 10 galon dlo pou bwè chak jou epi mouton mal bezwen demi a yon galon dlo chak jou.*

NAR.2: *Mouton femèl bezwen 1 galon a 2 galon dlo pa jou. Tout bagay sa-yo, mwen konnen ke gen kèk kote an deyò dlo pa difisil pou bay bèt-yo, konsa tou, gen kèk kote ki trè difisil. Poutèt sa, nou di ke dlo se yon resous natirèl, alòs nenpòt kote nou ye andeyò, chache dlo, fouye puy, pwoteje sous dlo ki deja nan kominote-nou.*

NAR.1: *Nou remèsye konsèy sa-yo de enfimye veterinè Jean-Claude Beauvais ki di-nou tou: òganize-nou ak metòd kolektif, tèt ansanm e fè abrevwa kominotè, pou tout bèt vini bwè 2 fwa pa jou. Sa se pou devlopman peyi-nou.*

KONTWOL: *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 23 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl gen yon ti kòzman ant Jn-Israel Ramo epi Danièle Mangonès-Dejean ki reskonsab radyo ekstansyon IICA sou: **PLAS PWODIKSYON ANIMAL GENYEN NAN EKONOMI NASYONAL-LAN EPI LOT KOZMAN SOU ELVAJ KOCHON.**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

RAMO: *Ki plas pwodiksyon animal genyen nan ekonomi nasyonal-lan, Dan?*

DAN: *Ayiti pa yon peyi endistriyèl, li pa yon peyi komèsyal; se yon peyi agrikòl li ye. Majorite popilasyon-nou-an se agrikiltè yo ye. Nan agrikiltè sa-yo, pipilis ladan-yo se ti elvè yo ye. Ki vle di yo viv sou 1 ak tè ki sèvi pou: Kay-yo, sous manje-yo epi bèt-yo.*

RAMO: *Eske ou ka esplike-nou sa ou vle di ak bagay sa-yo?*

DAN: *Pa sous manje-yo, m'ap pale de kilti tankou mayi, pwa, pitimi fwi. Nan bagay sa-yo yo vann 50 pou san e yo kenbe 50 pou san pou pran swen alimantasyon fanmi-yo.*

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

RAMO: *E bèt-yo?*

DAN: *Bèt-yo sèvi yo plis kòm revni (sous lajan) ke yo bezwen pou lekòl, rad ak soulye, alimèt, remèd elatriye. Yo estime ke 90 pou san revni peyizan-an , se lajan ke'l jwenn nan vant bèt-li-yo.*

RAMO: *De ki kalite bèt w'ap pale, Dan?*

DAN: *Piplis n'ap pale isit-lan de pwodiksyon kabrit ak Kochon. Men toujou, kochon gen priyorite. Tradisyonèlman, kochon kenbe premye plas nan pwodiksyon bèt-nou-yo.*

RAMO: *Ki enpòtans elvaj kochon genyen lè nou konpare'l ak lòt tip elvaj?*

DAN: *Kochon-an kiltirèlman toujou kenbe yon ròl trè zenpòtan pou pèp Ayisyen.*

. Kochon-an se bank peyizan-an li ye. Li ka sèvi ak li pou tout ijans-li: lekòl, maryaj, antèman.

RAMO: *Men, e apre abataj-la, Dan?*

DAN: *Apre abataj kochon-yo, yo te eseye ranplase kochon ak kabrit, poul, lapen. Men, sa pa't janm mache vrèman paske nan tout tradisyon nou-yo tankou nan manje-nou, nan relijyon vodou se kochon ki gen premye plas.*

Epi, fòk nou pa bliye ke kochon se yon bèt ki grandi pi vit, repwodui, fè pitit pipilis epi manje tout dechè agrikòl.

Anplis, lè nou tiye yon kochon, nou sèvi ak 100 pou san de bèt-la. Nou pa pèdi anyen. Nou sèvi ak san-an, trip-yo, fwa-a, kè-a, po-an. Nou sèvi ak tout kochon-an nèt alkole.

RAMO: *Konbyen kochon ki genyen kounye-an an Ayiti, Dan?*

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

DAN: *A la verite, mwen pa konnen vrèman. Paske pou'm ta bay yon repons ki korèk, fòk nou ta konnen a tou moman, eske tout kote nan peyi-an gen ase manje pou kochon-yo tout lane? Konbyen ti kochon chak manman sevre pa ane? Eske tout kote rive gen swenyaj ak ti medikaman yo ta bezwen pou kenbe tout shepte-lan a tou moman san yo pa gen pèd?*

RAMO: *E sante animal-lan?*

DAN: *Pou sante animal, nou limite. Nou kouvri sèlman 25 a 30 pou san sheptèl nasyonal-lan. Ki vle di tout kalite bèt ke nou genyen nan tout rakwen peyi-an. Vaksen-yo pou prevansyon sèten maladi pa toujou disponib donk nou gen konsekans ki grav tankou: nou gen pèd diferan kalite bèt: bèf, kabrit, kochon epi nou gen kèk moun ki mouri chak ane akòz zonòz (maladi bèt bay moun) tankou chabon ak raj.*

RAMO: *E Pou Nitrisyon bèt-yo?*

DAN: *Aprè anpil fòmasyon ki fèt nan tout rakwen peyi-an, peyizan-yo rekòmanse itilize dechè agrikòl, fèy, fwi an sezon pou bay kochon-yo manje. Yon lòt bagay, sèke yo vin konprann enpòtans itilizasyon dlo nan alimantasyon kochon-yo magre ke se youn de pwoblèm ke nou poko rive rezoud jouk kounye-an. Anpil moun pa konprann enpòtans dlo-an jwe nan devlopman bèt-lan. Nan tan lontan, peyizan-yo te bay kochon dyòl long-yo, kochon planch-yo, manje tout rèz dechè kizin epi yo te lage-yo nenpòt kijan pou kochon-yo degaje-yo. Yo pa't konnen enpòtans melanje sèten dechè ak fèy, fwi pou kochon-yo rive manje korèk.*

RAMO: *Eske elvè-yo gen pwoblèm ak manje kochon?*

DAN: *Elvè mwayen-yo gen pwoblèm paske manje nan sak ki vrèman byen balanse twò chè pou pipilis nan yo. Bon kalite manje vle di fòk yo ta itilize sous mayi ak pitimi ki manje ki an konpetisyon ak nou menm kretyen vivan.*

RAMO: *E, ti elvè-yo, Dan?*



DAN: Se pa menm bagay pou ti abitan-an ki gen 1 a 3 kochon. Yo poko gen pwoblèm manje. Yo sèvi ak tout rasin ke yo pa itilize tankou rasin manyòk, fwi ki an sezon-yo, yo melanje yo ak fèy epi ti pay swa yo pwodui, swa yo achte tankou pay diri, pay mayi.

RAMO: Eske ou ka pale-nou de kèk avantaj ak dezavantaj elvaj kochon?

DAN: Pou avantaj-yo: premyèman, kochon-an se yon bèt ki grandi trè vit, ki repwodui vit e ki bay anpil pitit epitou li se yon bèt ki ka manje dechè agrikòl-yo. Pou peyizàn-nou-yo, yo sèvi avèk kochon-yo kòm yon bank paske lè yo gen yon nesèsite, yo vann bèt-yo sepandan yo kontinye ak enpòtasyon vyann kochon nan peyi-an ki fè anpil elvè gen difikilte vann kochon-yo a bon pri tankou anvan. Yon lòt dezavantaj se ke si nou eseye bayo manje komèsyal li pa bon pou elvè-nou-yo, li pa ekonomik e li pa bon pou peyi-an nonplis. Si pwodiksyon-an a baz manje ki enpòte, li pa bon. Lòt bagay kochon-yo paka manje zèb, yo pa tankou bèf ki ka manje tout bagay sa-yo - Yo menm yo pa ka tolere anpil fib nan manje-yo.

RAMO: Kisa pou nou fè, alòs?

DAN: Nou bezwen ajiste elvaj nou-an pou'n rive itilize pwòp pwodui pa-nou, pwodui nasyonal, menm si pwodiksyon nou-an pi ba. Nou dwe ajiste sistèm pwodiksyon nou ak sa nou genyen nan peyi-an: legiminèz, ji kann, pitimi: tout sa se pwodui nasyonal yo ye. Lè sa-a nou depann yon ti kras sèlman de manje nou bije enpòte-an (sous pwoteyin-nan) Mwen ka di-ou, Ramo ke Pwojè Repèpleman Kochon ak sistèm ekstansyon IKA fè yon seri eksperyans ak anpil kochon. NOU rive a 8 mwa fè yon kochon pran 200 rive 220 liv ak 80 pou san manje peyi (pay diri, ji kann, fèy) epi yon ti pousantaj mineral ak pwoteyin nan soya.

RAMO: Kijan sa pase nan lòt peyi-yo?

DAN: Nan lòt peyi-yo tankou Etazini d' Amerik, yo sèvi ak 70 jiska 80 pou san mayi ak soya nan manje kochon. Kochon-yo rive 220

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

liv a 6 mwa. Yo gen gwo kantite pwodiksyon mayi ak soya ki fè yo sèvi ak bagay sa-yo pou manje bèt.

RAMO: *Ki pwoblèm ki genyen ak tip elvaj sa-a ?*

DAN: *Nou ka divize pwodiksyon oubyen elvaj kochon-an an 3 etap. Etap inisyasyon ki ale de nesans jiska 25 kilo, dezyèm etap-la ke nou rele kwzsans ale de 25 kilo rive 60 kilo epi twazyèm etap-la ki repwodiksyon ki ale de 60 kilo rive 100 kilo. De 3 etap sa-yo sa ki pi kritik-la se inisyasyon sa vle di nou mete plis atansyon sitou lè ti kochon-an rive ant 8 a 10 jou. Lè sa-a nou pral bayo manje pou premye fwa. Fòk nou bayo yon bon manje byen balanse ki pou laj-yo, fòk nou bayo bon swenyaj epi dlo, dlo, dlo. Lè sa-a y'ap grandi pi vit epi lòt etap-yo ap pi fasil.*

RAMO: *E pou sante-an menm?*

DAN: *Pou kesyon sante-an, n'ap toujou ensiste sou prevansyon. Prevansyon, se sa ki pi enpòtan pou sante bèt-yo. Paske depi kochon-an gen yon maladi menm si ou geri'l, ou fè bak, ou mete kòb deyò epi bèt-la pa janm tounen anfòm nèt. Bon manje! Dlo fèt pou jwe yon ròl enpòtan paske li jwe tout kalite ròl pou: kwasans bèt-la, dijestyon manje'l, sikilasyon san'l, pwodiksyon lèt elatriye. Swenyaj trè zenpòtan nan elvaj kochon.*

RAMO: *Gen anpil moun ki di kochon grimèl-yo se yon trayizon pou peyizàn-nou-yo, se move ras. Kisa ou di nan sa?*

DAN: *Kochon sa-yo pa gen okenn pwoblèm genetik okontrè se yon ras amelyore. Vwazen-nou-yo Dominikani gen ras sa-a, Jamayik gen ras sa-a ak anpil lòt kote. Ak bon swenyaj, bon manje, dlo 24 sou 24 epi prevansyon nou pa't fèt pou gen okenn pwoblèm avèk kochon sa-yo paske ak kochon tankou tout lòt bèt: Evite miyò pase mande padon.*

KONTWOL: *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*

TAN: *7:3381*



A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 24 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou yon konvèsasyon Danièle Mangonès-Dejean te fè ak William Pierre Louis sou entrèd ki genyen ant moun ki resevwa fòmasyon ak sak ki poko resevwa-yo.

William Pierre Louis se yon lidè mouvman kominotè nan zòn Gran Vensen lokalite Sen Maten, nan Sid peyi-an.

KONTWOL: KASET KOTE B: 7:00 KONVESASYON AK WILLIAM PIERRE LOUIS.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100



A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 25 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: MANJE KI PWOTEJE KO. Nou envite-nou pataje kòzman sa-yo ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab Radyo Ekstansyon IICA.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Nou ta renmen tout elvè-nou-yo konnen ke pou yo manje byen, pou fanmi-yo manje byen, gen 3 kalite manje ki pou kenbe kò-yo anfòm. Timoun kon granmoun bezwen 3 kalite manje chak jou.

**NAR.1: Manje ki fè kò grandi tankou lèt, ze, pwason, pwa, pistach
Manje ki bay kò fòs tankou diri, pitimi, zaboka, lamveritab,
kasav, yanm epi manje ki pwoteje kò-a ke nou pral ban-nou kèk
zen sou yo jodi-a.**

**NAR.2: Manje ki pwoteje kò-a vle di ki pwoteje sante-nou. Men, kijan
manje sa-yo pwoteje nou?**

**NAR.1: Ala gran enpòtans manje sa-yo genyen! Yo anpeche maladi. M'ap
di-nou kèk ladan-yo. Se tout fwi yo ak legim-yo: mango,
papay, fig mi, zoranj, chadèk, sitron, zannana, fèy vèt-yo,**

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

joumou, karòt, tomat, pwa tann, zaboka, pwa vèt.

NAR.2: *Gen lòt fwi ak legim nou pa site paske yo pa gen anpil enpòtans pou pwoteje kò-a. Sa nou site-yo gen plis enpòtans paske yo gen yon gran kantite vitamin nan yo. Kisa sa ye, yon Vitamin?*

NAR.1: *Anpil moun kwè yon vitamin se yon bagay tankou yon piki ki kapab fè nenpòt mirak nan kò-yo. Gen moun ki ale mande doktè pou yon vitamin ki kapab fè-yo gwosi oubyen bayo entelijans. Ebyen, non, yon vitamin pa fè bagay sa-yo. Gen plizyè kalite vitamin, men yo chak fè yon travay nan kò nou pou toujou kenbe nou an sante. Eske ou ka pale-nou de vitamin A, Ramo?*

NAR.2: *Men wi Dan. Vitamin A-a se yon vitamin preske tout moun konnen deja. Vitamin sa-a bon anpil pou je nou. Li anpeche moun vin avèg. Li ede nou wè pi byen aswè. Lè fini, li bon pou po-nou tou. Lè nou pale sou manke vitamin A, se timoun piti ki konn manke plis. Se pou nou konnen vitamin A kòmanse ak lèt manman, epi depi timoun-nan kòmanse manje, manman-an bezwen mete manje ki gen vitamin A ladan'l. Ou ka ban-nou kèk egzanp, Dan?*

NAR.1: *Gen kèk manje ki pwoteje kò-a ki chaje plis ak vitamin A. Se manje sa-yo nou ta renmen tout moun sonje. Joumou, karòt ak mango - - 3 sa-yo chaje plis pase lòt. Gen fèy vèt, papay, fig mi tou. Gen 2 manje ki bay kò fòs ki ladan tou, bannann vèt ak patat jòn. Patat jòn-nan, se sa ki vin tou jòn-nan apre li fin kwit. Se pou nou eseye manje youn nan manje sa-yo chak jou.*

NAR.2: *Yon lòt bagay nou remake, Dan sèke nou byen kontan ke tout moun bay timoun yo manje zaboka. Zaboka se yon bon manje pou timoun piti paske li byen mou epi li kapab manje fasil. Li bay anpil fòs epi li gen anpil vitamin A ladan'l tou.*

NAR.1: *Ramo, mwen ta renmen pale de 3 vye kwayans moun konn genyen.*

Nou konn di "ji zoranj, chadèk ak sitron fè jansiv timoun-yo vin di epi yo fè dan an reta" Epi nou konn di tou, "si jimo manje kalalou, li gate-yo" Nou konn di ankò "joumou gonfle timoun". Tout sa se move kwayans pou nou pa mete nan tèt-nou

KONTWOL: CHANTE SOU 3 KALITE MANJE

NAR.2: Kounye-an annou fè yon ti pale sou fèy vèt-yo paske tout kalalou gen anpil enpòtans. Lontan moun pat konn manje anpil kalalou, men kounye-an, gen plis moun ki konnen enpòtans-li. Nan tout kalite fèy, se sa ki gen koulè pi fonce-yo ki gen plis enpòtans. Nou wè tèt chou pa ladan'l paske li tou blan.

NAR.1: An-nou fè yon ti kout je sou fèy manyòk. Nan kèk peyi l'Afrik tout moun manje fèy manyòk. depi yon byen bouyi pandan omwens 15 minit, nou mèt manje ni boujon manyòk dous ni boujon manyòk anmè. Lòt fèy moun poko konn manje tou, se boujon flè toli. Nou konn fè te ak flè-yo deja, men kounye-a nou kapab manje ti boujon fèy-yo tou. Nou vin konnen boujon manyòk ak boujon fè toli gen anpil enpòtans pou nou. Ala gran chans nou genyen nou kapab jwenn fèy sa-yo anpil kote. Eske nou wè kijan peyi d'Ayiti rich anpil ak tout kalite fèy?

NAR.2: Annou wè poukisa fèy vèt-yo tèlman bon pou nou. NOu te deja wè yo gen vitamin A ladan-yo. Epi yo ba nou anpil san tou. Ki lè nan lavi-nou, nou bezwen anpil san?

NAR.1: Premyèman, lè yon ti bebe ap fòme andedan vant manman'l. Se san manman-an ki fòme'l epi fè'l grandi. Si manman-an manke san epi san-li fèb, bebe ap manke grandi byen tou. Egal, lè yon fanm gwo vant, lè sa-a se pou li chache fèy pou li manje chak jou. Ki lòt lè yon fanm bezwen san ankò?

NAR.2: Lè li fin akouche. Fòk li manje kalalou pou ranplase san li pèdi. Apre sa, menm si bebe-a pa andedan vant-li ankò li toujou bezwen kontinye manje manje ki bay san paske kounye-a se ak tete l'ap nourri pitit-la.

NAR.1: Gen yon lòt moman yon fi bezwen manje ki bay san ankò se lè li gen règ-li pou ranplase san li jete.



Jiske la nou t'ap pale sou fèy vèt-yo sèlman, men gen lòt manje ki bay san tou. Gen vyann, epi nan tout kalite vyann se fwa di-a ki chaje anpil. Apre sa, gen pwa chèch. Epi sonje, siwo kann ak rapadou bon pou san tou.

NAR.2: Nou sipoze gen moun ki sezi nou pa site bètwouj nan manje ki bay san. Jan dlo bètwouj rouj, siman li ta dwe bay san! Okontrè se pa sa ditou. Lè nou bwè ji bètwouj nou preske pa jwenn okenn valè ladan'l pou san. Pito nou manje fèy bètwouj-yo paske nou konnen tout kalalou bay san.

NAR.1: Pa bliye lè n'ap kwit kalalou pou nou pa kite yo bouyi twòp paske sa kapab retire vitamin ki nan yo. Anplis se pou nou pa mete twòp dlo tou, pou nou pa pèdi valè fèy-yo genyen. Si gen ti dlo ki rete, mete li nan vyann-nan oubyen bwè'l. ATANSYON: nou pa dwe bwè dlo fèy manyòk

NAR.2: Nou ta renmen remèsye Komite Santral Menonite nan Grand Rivyè du Nò pou enfòmasyon sa-yo ke nou te jwenn nan : Vant Plen Pa Vle Di Byen Manje

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28 29 30 31 32 33 34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46 47 48 49 50 51 52 53 54 55 56 57 58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74 75 76 77 78 79 80 81 82 83 84 85 86 87 88 89 90 91 92 93 94 95 96 97 98 99 100 101 102 103 104 105 106 107 108 109 110 111 112 113 114 115 116 117 118 119 120 121 122 123 124 125 126 127 128 129 130 131 132 133 134 135 136 137 138 139 140 141 142 143 144 145 146 147 148 149 150 151 152 153 154 155 156 157 158 159 160 161 162 163 164 165 166 167 168 169 170 171 172 173 174 175 176 177 178 179 180 181 182 183 184 185 186 187 188 189 190 191 192 193 194 195 196 197 198 199 200 201 202 203 204 205 206 207 208 209 210 211 212 213 214 215 216 217 218 219 220 221 222 223 224 225 226 227 228 229 230 231 232 233 234 235 236 237 238 239 240 241 242 243 244 245 246 247 248 249 250 251 252 253 254 255 256 257 258 259 260 261 262 263 264 265 266 267 268 269 270 271 272 273 274 275 276 277 278 279 280 281 282 283 284 285 286 287 288 289 290 291 292 293 294 295 296 297 298 299 300 301 302 303 304 305 306 307 308 309 310 311 312 313 314 315 316 317 318 319 320 321 322 323 324 325 326 327 328 329 330 331 332 333 334 335 336 337 338 339 340 341 342 343 344 345 346 347 348 349 350 351 352 353 354 355 356 357 358 359 360 361 362 363 364 365 366 367 368 369 370 371 372 373 374 375 376 377 378 379 380 381 382 383 384 385 386 387 388 389 390 391 392 393 394 395 396 397 398 399 400 401 402 403 404 405 406 407 408 409 410 411 412 413 414 415 416 417 418 419 420 421 422 423 424 425 426 427 428 429 430 431 432 433 434 435 436 437 438 439 440 441 442 443 444 445 446 447 448 449 450 451 452 453 454 455 456 457 458 459 460 461 462 463 464 465 466 467 468 469 470 471 472 473 474 475 476 477 478 479 480 481 482 483 484 485 486 487 488 489 490 491 492 493 494 495 496 497 498 499 500 501 502 503 504 505 506 507 508 509 510 511 512 513 514 515 516 517 518 519 520 521 522 523 524 525 526 527 528 529 530 531 532 533 534 535 536 537 538 539 540 541 542 543 544 545 546 547 548 549 550 551 552 553 554 555 556 557 558 559 560 561 562 563 564 565 566 567 568 569 570 571 572 573 574 575 576 577 578 579 580 581 582 583 584 585 586 587 588 589 590 591 592 593 594 595 596 597 598 599 600 601 602 603 604 605 606 607 608 609 610 611 612 613 614 615 616 617 618 619 620 621 622 623 624 625 626 627 628 629 630 631 632 633 634 635 636 637 638 639 640 641 642 643 644 645 646 647 648 649 650 651 652 653 654 655 656 657 658 659 660 661 662 663 664 665 666 667 668 669 670 671 672 673 674 675 676 677 678 679 680 681 682 683 684 685 686 687 688 689 690 691 692 693 694 695 696 697 698 699 700 701 702 703 704 705 706 707 708 709 710 711 712 713 714 715 716 717 718 719 720 721 722 723 724 725 726 727 728 729 730 731 732 733 734 735 736 737 738 739 740 741 742 743 744 745 746 747 748 749 750 751 752 753 754 755 756 757 758 759 760 761 762 763 764 765 766 767 768 769 770 771 772 773 774 775 776 777 778 779 780 781 782 783 784 785 786 787 788 789 790 791 792 793 794 795 796 797 798 799 800 801 802 803 804 805 806 807 808 809 810 811 812 813 814 815 816 817 818 819 820 821 822 823 824 825 826 827 828 829 830 831 832 833 834 835 836 837 838 839 840 841 842 843 844 845 846 847 848 849 850 851 852 853 854 855 856 857 858 859 860 861 862 863 864 865 866 867 868 869 870 871 872 873 874 875 876 877 878 879 880 881 882 883 884 885 886 887 888 889 890 891 892 893 894 895 896 897 898 899 900 901 902 903 904 905 906 907 908 909 910 911 912 913 914 915 916 917 918 919 920 921 922 923 924 925 926 927 928 929 930 931 932 933 934 935 936 937 938 939 940 941 942 943 944 945 946 947 948 949 950 951 952 953 954 955 956 957 958 959 960 961 962 963 964 965 966 967 968 969 970 971 972 973 974 975 976 977 978 979 980 981 982 983 984 985 986 987 988 989 990 991 992 993 994 995 996 997 998 999 1000



A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 26 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a DIKOUT CHAJE ap fè yon ti pale ak Lejèn Pyè ki yon ankadrè nan Sant Popilè Edikasyon Riral Jebo, nan Grandans, zòn Sid peyi-an. Apre sa, nou pral di-nou kisa pou'n fè si nou gen kèk kesyon sou pwogram 3 pawòl epi n'ap bannou non ak zèn kote fòmètè-nou-yo travay nan tout rakwen peyi-an. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Annou koute:


KONTWOL: MIZIK POPILE

NAR.1: Jodi-a nou gen avèk nou Lejèn Pyè, Sant Riral Edikasyon Popilè Pwojè Jebo avèk Valbrune Ayis de Krèp ki travay nan sant popilè-an tou. Lejèn Pyè, nan ki peyi ou sòti?

KONTWOL: KASET KOTE: B

**DE: MWEN SOTI FON KOCHON DEZYEM SEKSYON
JISKA FEN KOZMAN-AN**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE



KONTWOL: KASET NO. 2 - - NAN PWOGRAM VANDREDI 17 FEV. 89
DE: NOU TA RENMEN ENVITE ELVE-NOU-YO EKRI-NOU
JISKA: E ROSEAUX: GILBERT ST. JUSTE (PRE-GRAVE)

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

TAN: 15:00

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100



A: *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

DE: *Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*

POU: *PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 29 ME, 1989*

KONTWOL: *ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: KRIK - - KRAK - - DEVINET SOU ZAFE ELVAJ - AN-NOU LOUVRI JE-NOU SOU PWOBLEM PARAZIT NAN MILYE RIRAL-LAN - YON TI REFLEKSYON SOU BAGAY SA-YO - ENFOMASYON SOU POU - KARANG AK PIS. An-nou tande Danièle Mangonès-Dejean epi Jean-Israel Ramo pou'n wè si nou ka rive devinen anvan-yo.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.2: *Krik*

NAR.1: *Krak*

NAR.2: *Yon ti koulèv k'ap plede pwonmennen fè dega. Sa'l ye?*

NAR.1: *Yon sourit?*

NAR.2: *Men non Dan!*

NAR.1: *Yon lyann k'ap anvayi yon pyebwa?*

RECEIVED

NAR.2: *Non, non. Se vè nan trip ki konn plede mache, ravaje bèt-nou-yo.*

NAR.1: *Sa-a bon, li bon. Se tou pa'm kounye-an! Krik?*

NAR.2: *Krak!*

NAR.1: *Yon lavalas k'ap kouri desann, kouri bwote tout bagay sou pasaj-li epi pyès moun paka rete'l. Sa li ye?*

NAR.2: *Larivyè?*

NAR.1: *Non!*

NAR.2: *Lapli?*

NAR.1: *Non plis! Se dyare. Dyare ke nou menm pa gen pouvwa rete san medsin. Ke nou paka ranje san sewòm Oral, san remèd kont dyare. Dyare ki rive souvan akòz move dlo, move swenyaj ke nou bay bèt-nou-yo.*

NAR.2: *Ok! Krik?*

NAR.1: *Krak!*

NAR.2: *Figi'l swa pase dèyè yon ti bebe epi kèk fwa menm se toutouni li mache sou moun. Kilès sa ye?*

NAR.1: *Banm wè. M'pa konnen!*

NAR.2: *Ou bwè'l?*

NAR.1: *M' bwè'l.*

NAR.2: *Se erozyon, Dan. Erozyon ki chanje figi mòn-nou-yo, Ki kite mòn-nou-yo toutouni, paske nou menm kretyen vivan ak tout*

konesans-nou, n'ap plede devizaje peyi-an - n'ap plede koupe pye bwa, detwi Ayiti Toma.

KONTWOL: CHANTE SOU AN-NOU PLANTE BWA.

NAR.1: *Kounye-an an-nou louvri je-nou sou pwoblèm parazit nan milye riral-lan.*

Obsèvasyon ansanm avèk esperyans ke nou deja fè nan kanpay peyi-a, pèmèt-nou di ke milye riral peyi-a, nou kapab di kèk fwa lavil tou, trouve yo fas pou fas ak yon gwo pwoblèm ke yo pa janm fin resoud nèt malgre ke yo konn jwenn de fwa, kèk ti bout solisyon. Se pwoblèm parazit!

NAR.2: *Wi, Dan. Pwoblèm parazit ki viv sou kò moun, pwoblèm parazit k'ap viv andedan kò yon moun ak andedan vant yon bèt, pwoblèm parazit k'ap viv andedan kay yon moun, kote yo pran kay-lan pou yo menm!*

NAR.1: *Yon lòt pwoblèm nou jwenn ankò, se pwoblèm sante popilasyon riral-lan, sitou le pli souvan yo pa jwenn vwazinaj pou bayo konsèy, pou aprann-yo ke parazit sa-yo lè yo fin souse san yon moun, yo gen devwa pou bay moun sa-yo kèk maladi enfektyèz (ki vle di maladi lòt moun gen dwa trape).*

NAR.2: *Kòm de fwa tou, de bòn fwa, peyizan-an konn pa vle chase oubyen detwi parazit ki nan kay-li, oubyen sou kò'l, ou ankò sou kò bèt-li oubyen nan jaden'l. Yo konn bay plizyè entèpretasyon pou prezans youn oswa kèk parazit nan fetay kay-li, sou kò ti bèt-li, nan jaden mayi'l, nan tèt-li ou nan kole rad-li.*

NAR.1: *Sa nou di la-a. Nou pa di tout moun nan kanpay, men nou kapab di-nou tou ke konpòtman sa-a chanje avèk moun nan kominote riral, depatman jeografik, katye, kwayans elatriye. N'ap ban-nou kèk ti egzanp:*

NAR.2: *"Lè bèf mwen gen anpil tik sou kò'l, malfektè p'ap voye jè sou li".
"Ane sa-a jaden mayi anvayi avèk chen, l'ap donner anpil tou."*

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

NAR.1: "Karang pa vini sou moun fasil, si ou wè bèt sa-a nan kolèt chemiz-ou se chans."

NAR.2: Yon lòt pwoblèm ke nou wè ankò sèke, moun-nan konsidere prezans parazit-lan nan kay-li tankou se tou nòmal - - tankou gen yon lwa ki di'l, li pa gen dwa lite kont bèt sa-yo: Gen chik nan mezon-an, se nòmal!

NAR.1: Gen pis nan kay-la, se nòmal, gen pinèz, se nòmal! Gen ravèt, se nòmal Sa nou wè nan bagay sa-a, gen anpil zòn ki gen renome pou chik, pou pinèz, pou pou, se paske lontan lan tan lontan, pat janm gen yon batay ki te mennen pou chak abitan nan kay-yo kont premye parazit yo te rankontre. Kounye-a, se tout zòn-nan ki anvayi parazit. Konsa se yon kokenchenn batay tèt ansanm ke tout abitan nan yon zòn konsa dwe fè pou se pa moun ki bwaze "pete pat" kite yon kominote bay parazit sa ta lèd nèt!

NAR.2: Sa pa'p janm rive tou! Paske kounye-a peyizan-yo byen kore pa teknisyen tout espesyalite ki dwe sèvi kòm konseye kanpay-la sou zafè teknik...agrikilti, elvaj ak sante bèt, alimantasyon, amelyorasyon kay, ijyèn an jeneral epi sante moun...

NAR.1: An-nou fè yon ti refleksyon:
Nou te reflechi sou sa anpil, nou te panse e nou kwè ke kanpay pa te resevwa enfòmasyon sou zafè batay kont parazit de tout sòt, konsa yo pa't konnen avèk ki zam pou yo konbat cheni sayo. Sa vle di, pwodui ki kont parazit (ensektisid, antièktoparazit, ratisid pou rat ak sourit). Se pli souvan nou melanje pwodui sa-yo ak dlo ak yon ti flit, nou fè flitay, yon aspèsyon, yon ijyèn, yon pwòpte, yon twalèt (mèb, bèt, kay, tèt-nou oubyen kò-nou)

NAR.2: De tout fason, pou zafè parazit nan trip, ni moun ni bèt, se yon zafè ijyèn ansanm avèk medikaman kont tout espès de vè ki pou rezoud pwoblèm-la byen. Nou va fè pak pou bèt-nou-yo tou.

NAR.1: Konsène parazit sou kò bèt, nou va flite bèt-yo ak MALATYONG...MALATYONG: pwodui ki va touye tout pis, tik, pou,



gal, elatriye. Pou moun, nou va fè ijyèn kòporèl, savonnen tèt pwòpte kò, lave men lè nou sòt nan watè, e konstwui latrin nan kanpay.

KONTWOL: CHANTE SOU LATRIN

NAR.2: Kèk konsèy sou Pou, karang ak pis.

NAR.1: Pou, se nan tèt li rete, si nou lave chive-nou souvan ak dlo e savon, parazit sa-a p'ap kapab reziste nan tèt-nou

NAR.2: Karang, se yon ti bèt plat, koulè blanch, li menm se nan rad li rete. Se moun ki malpwòp ki tolere pou ak karang. Pou li te kont karang se pou lave rad sou nou souvan e repase-yo.

NAR.1: Epi pis se yon ti bèt nwa tou piti ke je preske paka wè. Se sou chyen li rete. Nou jwenn li tout nan kay-nou sitou kay sal ki pa simante. Pou nou lite kont pis, se pou nou wouze kay-nou ak dlo, mande monitè agrikòl-la aspèje-yo. Kay lekòl-la gen dwa gen pis, se pou ti moun-yo wouze-li chak maten.

NAR.2: Sa sete kèk ti konsèy sou parazit nan milye riral-lan.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 29 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: KRIK -- KRAK -- DEVINET SOU
ZAFE ELVAJ - AN-NOU LOUVRI JE-NOU SOU PWOBLEM PARAZIT NAN MILYE
RIRAL-LAN - YON TI REFLEKSYON SOU BAGAY SA-YO - ENFOMASYON SOU
POU - KARANG AK PIS. An-nou tande Danièle Mangonès-Dejean
epi Jean-Israel Ramo pou'n wè si nou ka rive devinen anvan-yo.**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Krik

NAR.1: Krak

NAR.2: Yon ti koulèv k'ap plede pwonmennen fè dega. Sa'l ye?

NAR.1: Yon sourit?

NAR.2: Men non Dan!

NAR.1: Yon lyann k'ap anvayi yon pyebwa?

NAR.2: *Non, non. Se vè nan trip ki konn plede mache, ravaje bèt-nou-yo.*

NAR.1: *Sa-a bon, li bon. Se tou pa'm kounye-an! Krik?*

NAR.2: *Krak!*

NAR.1: *Yon lavalas k'ap kouri desann, kouri bwote tout bagay sou pasaj-li epi pyès moun paka rete'l. Sa li ye?*

NAR.2: *Larivyè?*

NAR.1: *Non!*

NAR.2: *Lapli?*

NAR.1: *Non plis! Se dyare. Dyare ke nou menm pa gen pouvwa rete san medsin. Ke nou paka ranje san sewòm Oral, san remèd kont dyare. Dyare ki rive souvan akòz move dlo, move swenyaj ke nou bay bèt-nou-yo.*

NAR.2: *Ok! Krik?*

NAR.1: *Krak!*

NAR.2: *Figi'l swa pase dèyè yon ti bebe epi kèk fwa menm se toutouni li mache sou moun. Kilès sa ye?*

NAR.1: *Banm wè. M'pa konnen!*

NAR.2: *Ou bwè'l?*

NAR.1: *M' bwè'l.*

NAR.2: *Se erozyon, Dan. Erozyon ki chanje figi mòn-nou-yo, Ki kite mòn-nou-yo toutouni, paske nou menm kretyen vivan ak tout*



konesans-nou, n'ap plede devizaje peyi-an - n'ap plede koupe pye bwa, detwi Ayiti Toma.

KONTWOL: CHANTE SOU AN-NOU PLANTE BWA.

NAR.1: *Kounye-an an-nou louvri je-nou sou pwoblèm parazit nan milye riral-lan.*

Obsèvasyon ansanm avèk esperyans ke nou deja fè nan kanpay peyi-a, pèmèt-nou di ke milye riral peyi-a, nou kapab di kèk fwa lavil tou, trouve yo fas pou fas ak yon gwo pwoblèm ke yo pa janm fin resoud nèt malgre ke yo konn jwenn de fwa, kèk ti bout solisyon. Se pwoblèm parazit!

NAR.2: *Wi, Dan. Pwoblèm parazit ki viv sou kò moun, pwoblèm parazit k'ap viv andedan kò yon moun ak andedan vant yon bèt, pwoblèm parazit k'ap viv andedan kay yon moun, kote yo pran kay-lan pou yo menm!*

NAR.1: *Yon lòt pwoblèm nou jwenn ankò, se pwoblèm sante popilasyon riral-lan, sitou le pli souvan yo pa jwenn vwazinaj pou bayo konsèy, pou aprann-yo ke parazit sa-yo lè yo fin souse san yon moun, yo gen devwa pou bay moun sa-yo kèk maladi enfektyèz (ki vle di maladi lòt moun gen dwa trape).*

NAR.2: *Kòm de fwa tou, de bòn fwa, peyizan-an konn pa vle chase oubyen detwi parazit ki nan kay-li, oubyen sou kò'l, ou ankò sou kò bèt-li oubyen nan jaden'l. Yo konn bay plizyè entèpretasyon pou prezans youn oswa kèk parazit nan fetay kay-li, sou kò ti bèt-li, nan jaden mayi'l, nan tèt-li ou nan kole rad-li.*

NAR.1: *Sa nou di la-a. Nou pa di tout moun nan kanpay, men nou kapab di-nou tou ke konpòtman sa-a chanje avèk moun nan kominote riral, depatman jeografik, katye, kwayans elatriye. N'ap ban-nou kèk ti egzanp:*

NAR.2: *"Lè bèf mwen gen anpil tik sou kò'l, malfektè p'ap voye jè sou li".
"Ane sa-a jaden mayi anvayi avèk chen, l'ap donner anpil tou."*



NAR.1: "Karang pa vini sou moun fasil, si ou wè bèt sa-a nan kolèt chemiz-ou se chans."

NAR.2: Yon lòt pwoblèm ke nou wè ankò sèke, moun-nan konsidere prezans parazit-lan nan kay-li tankou se tou nòmmal - - tankou gen yon lwa ki di'l, li pa gen dwa lite kont bèt sa-yo: Gen chik nan mezon-an, se nòmmal!

NAR.1: Gen pis nan kay-la, se nòmmal, gen pinèz, se nòmmal! Gen ravèt, se nòmmal! Sa nou wè nan bagay sa-a, gen anpil zòn ki gen renome pou chik, pou pinèz, pou pou, se paske lontan lan tan lontan, pat janm gen yon batay ki te mennen pou chak abitan nan kay-yo kont premye parazit yo te rankontre. Kounye-a, se tout zòn-nan ki anvayi parazit. Konsa se yon kokenchenn batay tèt ansanm ke tout abitan nan yon zòn konsa dwe fè pou se pa moun ki bwaze "pete pat" kite yon kominote bay parazit sa ta lèd nèt!

NAR.2: Sa pa'p janm rive tou! Paske kounye-a peyizan-yo byen kore pa teknisyen tout espesyalite ki dwe sèvi kòm konseye kanpay-la sou zafè teknik...agrikilti, elvaj ak sante bèt, alimantasyon, amelyorasyon kay, ijyèn an jeneral epi sante moun...

NAR.1: An-nou fè yon ti refleksyon:
Nou te reflechi sou sa anpil, nou te panse e nou kwè ke kanpay pa te resevwa enfòmasyon sou zafè batay kont parazit de tout sòt, konsa yo pa't konnen avèk ki zam pou yo konbat cheni sayo. Sa vle di, pwodui ki kont parazit (ensektisid, antièktoparazit, ratisid pou rat ak sourit). Se pli souvan nou melanje pwodui sa-yo ak dlo ak yon ti flit, nou fè flitay, yon aspèsyon, yon ijyèn, yon pwòpte, yon twalèt (mèb, bèt, kay, tèt-nou oubyen kò-nou)

NAR.2: De tout fason, pou zafè parazit nan trip, ni moun ni bèt, se yon zafè ijyèn ansanm avèk medikaman kont tout espès de vè ki pou rezoud pwoblèm-la byen. Nou va fè pak pou bèt-nou-yo tou.

NAR.1: Konsène parazit sou kò bèt, nou va flite bèt-yo ak MALATYONG...MALATYONG: pwodui ki va touye tout pis, tik, pou,



gal, elatriye. Pou moun, nou va fè ijyèn kòporèl, savonnen tèt pwòpte kò, lave men lè nou sòt nan watè, e konstwui latrin nan kanpay.

KONTWOL: CHANTE SOU LATRIN

NAR.2: Kèk konsèy sou Pou, karang ak pis.

NAR.1: Pou, se nan tèt li rete, si nou lave chive-nou souvan ak dlo e savon, parazit sa-a p'ap kapab reziste nan tèt-nou

NAR.2: Karang, se yon ti bèt plat, koulè blanch, li menm se nan rad li rete. Se moun ki malpwòp ki tolere pou ak karang. Pou li te kont karang se pou lave rad sou nou souvan e repase-yo.

NAR.1: Epi pis se yon ti bèt nwa tou piti ke je preske paka wè. Se sou chyen li rete. Nou jwenn li tout nan kay-nou sitou kay sal ki pa simante. Pou nou lite kont pis, se pou nou wouze kay-nou ak dlo, mande monitè agrikòl-la aspèje-yo. Kay lekòl-la gen dwa gen pis, se pou ti moun-yo wouze-li chak maten.

NAR.2: Sa sete kèk ti konsèy sou parazit nan milye riral-lan.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 30 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: KONSEY ENFIMYE VETERINE JEAN-CLAUDE BEAUVAIS SOU: ENSPEKSYON VYANN - KEK BAGAY NOU DWE OBSEVE ANVAN NOU TIYE YON BET POU VANN VYANN-LI - KISA NOU DWE FE SI NOU DOUTE DE YON BET OUBYEN NOU SISPEK MALADI ANTRE SOU LI EPI KISA NOU DWE FE SI MALADI KONTAJYEZ TONBE SOU BET NOU.
An-nou tande koze sa-yo avèk Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA.**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

**NAR.2: Vyann se yon aliman endispansab pou sante tout moun, se vre!
Men, atansyon: pinga nou manje vyann ni bèt ki malad ni vyann bèt ki mouri pou kont-li. Chak fwa nou sèvi ak move kalite vyann sa-yo, oubyen chak fwa nou voye-yo nan mache pou fè lòt moun achte yo, nou komèt yon kokennchenn krim: Nou kont ijyèn! Konsa tou nou deklare-nou lenmi la sante!!!**

NAR.1: Jodi-a se okazyon pou nou fè yon ti pale ak kominote riral-yo sou pwoblèm enspeksyon vyann. Sa vle di ki fason yon moun kapab rekonèt yon vyann ki bon pou moun manje ak yon lòt ki pa bon pou manje: konsa nou kapab pale de bon kalite vyann ak move kalite vyann.



NAR.2: *Nan laboratwa, avan yo touye yon bèt, se nesèsè pou enspekte bèt-la pou wè si li pa gen kèk maladi ki kapab tonbe sou moun ak sou lòt bèt. Afè enspeksyon vyann se yon bagay ki mande pou ta gen yon ekip konpoze de veterinè ak lòt reprezantan leta kòm yon prepoze, yon adjwen polis riral oubyen yon polis riral. Konsa ekip sa-a ta gen pouvwa pou antre e fè enspeksyon tout kote ke bèt-la ap touye. Epi tou se ekip sa-a ki ta deside si yon bèt dwe touye apre enspeksyon. Konsa tou ekip sa-a ta gen devwa deside si yo dwe vann yon vyann pou moun manje.*

NAR.1: *Nou menm nan kanpay-la nou konnen li difisil pou nou vin gen yon òganizasyon konsa. Men, nou dwe pran konsyans de pwoblèm nan e konsa li ta trè bon si nan kanpay-la nou ta kole tèt nou avèk tout notab-yo, polis riral-yo, bouche ak bouchèz-yo, animatè veterinè zòn pa-nou pou nou pa ni achte ni vyann bèt ki malad, ni vyann bèt ki mouri poukont-yo.*

NAR.2: *Lè yon bèt malad, fè animatè veterinè trete-li. Lè yon bèt mouri san nou pa konnen ki maladi ki touye'l, bay rapò ak polis riral kominote-a epi antere bèt-la avèk lacho nan yon twou.*

NAR.1: *Pou enspeksyon bèt ki vivan: Enspeksyon bèt-yo nan labatwa, nan mache, avan yo touye-yo, se yon kokennchenn travay e ki trè zenpòtan. Tout vyann ki fè moun malad ou ki touye moun, vyann sa-yo sòti pi souvan nan bèt ki malad. Nou kapab sètin de bèt sa-a lè nou ekzaminen-li vivan e nou kontwole li apre nou fin touye'l.*

NAR.2: *Nòmalman, yon bèt ke nou pral touye dwe ban-nou aspè ke li viv la sante. Si li pa ba-nou aspè sa-a, nou dwe swiv règ sa-yo:*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*



NAR.1: *Si yon bèt blese oubyen li fè yon aksidan: pou nou pa pèdi vyann-nan si li mouri, nou dwe touye'l san reta: tout bèt ki mouri poukont-yo dwe antere anba tè ak lacho. Kesyon de touye bèt-la san reta-a se yon mwayen pou nou pa kite bèt-la vini grav jistan li mouri.*

NAR.2: *Nou vle klase ka sa-yo pou ou: bèt ki gen pye devan ou pye dèyè kase, bèt ki gen kèk emoraji (anpil san ap koule), bèt n'ap tranpòte nan rout lwen e ki fè rout-la nan move kondisyon, bèt machin frape. Nou kapab touye bèt sa-yo devan animatè veterinè kominote-nou ak adjwen polis riral-la.*

NAR.1: *Si nou ta wè bèt sa-yo ki blese-a, ta gen lafyèv, tanperati yo ta monte, nou ta mèt doute de bèt sa-a e sispèk li kòm yon bèt malad. Nou wè li enpòtan pou animatè veterinè-yo fè yon ti konsiltasyon pou tout bèt ki ap vann nan mache swa pou touye, swa pou fè elvaj. Konsa moun ki vin vann bèt-la dwe reskonsab ti frè medikaman: se yon kokennchenn travay pou devlopman elvaj ak veterinè nan peyi-nou.*

NAR.2: *Si nou ta gen yon bèt ki fatigue apre yon vwayaj trè long, oubyen ki te nan solèy pandan lontan, nou pa dwe touye-li touswit. Nou ta dwe kite bèt sa-a repoze pou youn a de jou. Anvan nou touye'l fè animatè veterinè kominote-a pran tanperati'l pou nou. Si tanperati-li monte (lafyèv) nou mèt sispèk li kòm yon bèt malad e nou mèt doute de sante'l.*

NAR.1: *Si nou ta gen yon bèt ki malad: separe'l de lòt bèt-yo. Touye'l san pèdi tan, lwen ak lòt yo. Si gen ekip veterinè leta, vini fè enspeksyon, yo te kapab fè otopsi bèt-la (sa vle di louvri bèt-la ki fin mouri-an) e yo kapab fè'n konnen ki kalite maladi ki touye-li e yo kapab ba-nou tout mezi nou dwe pran pou maladi sa-a pa devlope nan kominote-nou.*

NAR.2: *Yon bèt ke nou doute de li oubyen nou sispèk ke maladi antre sou li, nou dwe separe'l de lòt bèt-yo. Apre kèk tan oubyen maladi-a devlope sou bèt-la, oubyen bèt-la gaya. Nan tou de ka sa-yo, nou touye bèt-la. Si li pa malad, nou sèvi ak vyann-lan, si li malad nou antere vyann-nan.*



NAR.1: Gen yon ka ki rive trè souvan, yon bèt konn mouri epi nou vit pase kouto anba gòj-li tankou se nou ki touye'l paske li te fè yon frakti oubyen li te blese grav. Mwen kwè ke li ta trè bon pou polis riral-la ak animatè veterinè kominote-a, ta ekzije pou yo wè ak je-yo tout kadav bèt sa-a ak tout sa ki sòti andedan vant-li. Konsa reskonsab lòd sa-yo pap kwè sa bouche ak bouchèz di yo sou lanmò bèt-la paske deklarasyon moun sa-yo nan ka sa-yo sou yon kadav bèt se toujou manti.

NAR.2: Si maladi kontajyèz ta tonbe sou bèt-nou: touye bèt sa-a san pèdi tan. Mete lacho kote nou te touye-li e kòm dezenfektan pou touye mikwòb. Si se ta yon maladi ke la lwa egzije ke nou deklare bay otorite lè nou jwenn yon ka, nou ta dwe chache, nan ki kominote bèt-la te ye anvan li te vinin nan kanton pa-nou. Konsa, daprè deklarasyon-nou, otorite reskonsab bèt nan peyi-a, va ale nan zòn-la pou anpeche maladi-a devlope; se anpeche li tonbe sou bèt nou yo lè yo va pwoteje bèt-yo pa vaksinasyon (pa egzanp: maladi chabon).

NAR.1: N'ap rete la ak atik 92 nan liv Kòd riral-lan" ki di:
" Tout bèt ki trape maladi kontajyèz, oubyen ke nou sispèk maladi sa-a antre sou li, nou dwe separe bè sa-a ak lòt bèt nou-yo. Moun ki mèt bèt-la oubyen moun k'ap gade bèt-la dwe bay rapò de sa ak reprezantan Depatman Agrikilti oubyen reprezantan tout lòt òganis enpòtan ki pi pre avèk kominote-li oubyen li kapab bay rapò-a ak ajan polis riral kominote-a".

NAR.2: Sa se te kèk bagay ki trè zenpòtan pou nou kenbe kominote riral-nou-yo anfòm pou tout moun gen la sante.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatòz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 31 ME, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: SWEN POU BAY TI KABRIT - KIJAN POU RETIRE KON-YO E LE OU PRAL ACHTE KABRIT, KIJAN POU CHWAZI-YO. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite pataje kòzman sila-yo avèk-nou.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Men ki swen ou dwe bay ti kabrit lè Li fèk fèt: tranpe kòd lonbrit-li nan kèk dezenfektan tankou swa iyòd, swa klorox swa kleren.

NAR.1: Sa ka anpeche mikwòb antre nan kòd-la. Mikwòb sa-yo ka fè anpil dega nan kò ti kabrit-la.

NAR.2: Ede ti kabrit-la tete touswit apre'l fèt. Sa trè zenpòtan paske premye lèt manman-an ki rele kolòstwòm se yon medsin pou ede ti kabrit-la pase premye pou pou-a ki rele goudron oswa mekonyòm. San kolòstwòm-nan ti kabrit-la ka vin konstipe epi yo pa gen defans menm kont mikwòb. Eske ou ka di-nou kijan pou'n retire kòn kabrit-lan?



NAR.1: *Si ou kenbe kabrit-ou nan yon sèka oswa nan yon pak, retire kòn-yo. Avantaj retire kòn-yo, se pou youn pa blese lòt epi pou kabrit-yo pa blese ti moun. Retire kòn kabrit-la avan kabrit-lan gen 2 mwa paske si ou tann plis ke sa, epi ou kite kabrit-la gwo, sa ka bayo anpil traka. Avantaj kite kòn-yo sè ke kabrit-la gen plis pwoteksyon kont chyen. Eske ou ka esplike elvè-yo kijan yo ka retire kòn-yo?*

NAR.2: *Men wi, sa pa twò konplike. N'ap pran yon mòso tiyo epi n'ap mete'l nan dife. Apre tiyo-a byen cho pase'l sou kòn-yo epi konte dousman. Kòmmanse: en, de, twa...rete, lè ou rive sou 15. Apre sa, retire tiyo-a. N'ap bezwen yon moun pou ide-nou kenbe ti kabrit-la byen fò anplas, paske sa fè kabrit-la mal. Lè ou boule kòn-yo byen, w'ap wè yon mak byen boule sou kote kòn-yo. ATANSYON: Si ou boule twòp, ou ka boule sèvèl kabrit-la. Ki lòt bagay nou ta ka di-yo sou kabrit-yo?*

NAR.1: *Li pi bon si ou chatre ti kabrit anvan yo gen 3 semenn. Epi si ou gen anpil pwoblèm tetanòs nan zòn pa-ou, vaksinen ti kabrit-yo kont tetanòs lè yo gen 1 mwa. Bayo yon dezyèm dòz ankò lè yo gen 2 mwa.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.2: *Kounye-an nou pral ban-nou kèk zen sou kijan pou'n chwazi yon kabrit lè n'al pou'n achte'l: chwazi yon kabrit ki konn fè anpil pitit (tankou ras 3 oswa ras 4) - Si kabrit-la poko fè pitit, tyeke si manman'l te konn fè anpil pitit.*

NAR.1: *Chwazi yon kabrit ki pa gen defòmasyon tankou move dan, oubyen si se yon bouk, ki gen yon sè grenn. Oubyen pa chwazi yon kabrit ki gen janm ki fèb. Chwazi yon kabrit ki devlope byen vit. Si se yon femèl, chwazi youn ki gen gwo vant pou'l gen anpil plas anpil kapasite pou manje. Asire-ou ke kabrit-la pa*



ni twò gra ni twò mèg. Kisa ankò Mano?

NAR.2: Li trè zenpòtan, lè ou chwazi yon kabrit ke'l pa gen okenn absè epi ke'l pa gen okenn lòt maladi. Si se yon femèl asire-ou ke'l gen bon mamèl, bon janm, bon dan ak yon kò ki fò. E si se yon mal Dan?

NAR.1: Si se yon bouk, asire-ou ke grenn-li menm gwosè. Janm-li fò, dan'l yo ak kòl fò tou. Chwazi yobn bèl bouk pou kwaze ak manman kabrit pa-ou pou ka amelyore ras-la. Chwazi yon mal ki te sòti nan vant yon manman ki konn fè anpil pitit. Mwen ta renmen ou esplike elvè-nou-yo zafè fanmi lè y'ap chwazi kabrit-yo, Mano.

NAR.2: Si w'ap achte kabrit pou fè repwodiksyon - - pou kwaze: asire-ou ke yo pa sòti nan menm fanmi avèk kabrit pa-ou. Sa vle di: pa janm kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi-an si ou fè sa, manman-an ka fè pitit defòme, oswa ki pi piti oswa ki pi fèb. Sa vle di, si ou kwaze kabrit ki sòti nan menm fanmi ansanm, ou bese ras-la.

NAR.1: Tyeke dan kabrit-la anvan ou achte'l. Sa ka ba-ou laj bèt-la epitou l'ap di-ou nan ki eta dan-yo ye. Pa achte kabrit ki gran moun oswa kabrit ki pa gen bon dan paske yon kabrit ki pa gen bon dan pa ka manje byen e lè sa-a, l'ap vin mèg kanmèm.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 1 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou 2 ti teyat: Youn sou:
KONNEN DANJE KI GENYEN LE NOU METE ENSEKTISID NAN DANRE NA
PRAL MANJE EPI KONNEN KOUMAN NOU KAPAB OKIPE DAN-NOU BYEN.
An-nou tande ti teyat sa-yo ak Danièle Mangonès-Dejean,
reskonsab radyo ekstansyon IKA epi Jean-Israel Ramo de Radyo
Ayiti Entè.**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

**NAR.1: Konpè Jo te sot Laviktwa. Li te al kot dantis pou l'al rache
2 dan ki t'ap fè'l mal. Pandan l'ap tounen lakay-li apre
midi, tèt-li kòmanse fè'l mal. Li te deside fè yon ti repoze
lakay zanmi'l, Ma Danyèl.**

KONPE JO: Bonswa Ma Danyèl.

MA DANYEL: Bonswa Konpè Jo. Kouman ou ye? Nou pa wè menm?

**KONPE JO: M' pa byen menm. Kounye-a m' sòt Laviktwa kot dantis-la. Li
rache 2 dan ki te gate. Gade. M' toujou yon jèn moun epi m'
preske pa gen dan ankò. M'ap kòmanse sanble ak yon gran
moun!**

**INSTITUT INTERAMERICAIN DE COOPERATION AGRICOLA YUPE
BOURSA DE COOPERATION**

B.P. 2020, PORT-AU-PRINCE, HAÏTI • TEL. 5-3616, 5-1965 • TELETYPE 20-0911



[Faint, illegible text covering the majority of the page, likely bleed-through from the reverse side.]

MA DANYEL: *Sanble anpil moun gen menm pwoblèm. Yo neglije dan-yo e dan-yo kòmanse gate. A la fen, moun pa gen dan ankò.*

KONPE JO: *Ou menm gen plis laj pase mwen. M' wè ou toujou gen preske tout dan nan bouch-ou epi yo byen blanch. Kòman ou toujou gen dan konsa?*

MA DANYEL: *Bon. Mwen pral pale 2 rezon poukisa dan'm toujou bon. Premye rezon-an se depi ke'm yon ti moun, m' bwose dan'm chak jou. Lè'm te twò piti pou'm fè'l mwen menm, manman'm ak papa'm te bwose-yo pou mwen. Lè'm te pi gran, yo te montre'm kòman pou'm fè-li.*

KONPE JO: *Se vre? M' pat janm konn bwose dan mwen yo konsa, non! Lè'm yon ti moun, paran mwen pat montre'm sa. Epi kounye-an m' toujou pa konn fè-li.*

MA DANYEL: *Koute'm byen. Premyèman, cheche yon bwòs dan. Ou kapab achte youn nan mache-a pou 1, 2 goud. Si ou pa gen ti kòb pou achte youn konsa, ou kapab pran yon mòso bwa zoranj oubyen rasin sitwonèl ki byen netwaye. Apre sa, ou kapab mete yon ti kolgat ou kapab achte nan mache-a. Si ou pa gen mwayen pou jwenn kolgat-la, sèvi ak yon bon dlo sèlman.*

KONPE JO: *M' konprann byen. Apre m' genyen tout bagay sa-yo, kisa pou'm fè?*

MA DANYEL: *Bwose chak dan-ou byen bwose. Apre tout dan fin bwose, rense bouch-ou avèk bon dlo.*

KONPE JO: *Konbyen fwa eske'm bezwen bwose dan mwen yo?*

MA DANYEL: *Maten lè ou leve epi aswè apre ou fin manje denye bagay ou*

pral manje anvan w'al dòmi.

KONPE JO: *Bon. Ou te di ou gen 2 rezon pouki dan-ou-yo toujou bon. Ou te deja esplike premye-a, men kisa dezyèm-nan ye?*

MA DANYEL: *Men dezyèm-nan. Apre'm manje yon bagay ki gen anpil sik, m' fè jefò bwose dan mwen oubyen rense bouch mwen ak bon dlo. Manje tankou kola, sirèt e kann gen anpil, anpil sik. Sik ki nan bagay sa-yo renmen chita sou dan-yo epi si ou pa retire sik-la touswit, li kapab kòmanse gate dan-yo.*

KONPE JO: *M' sezi tandè sa!. M' pat konnen sik kapab gate dan konsa.*

MA DANYEL: *Kounye-a ou wè poukisa chak moun bezwen fè jefò okipe dan-li-yo byen.*

KONPE JO: *Mèsi anpil pou tout bèl konsèy sa-yo. Menm si'm pa gen anpil dan ankò, m' pral kòmanse bwose tout dan ki rete'm yo chak jou.*

MA DANYEL: *Epi pi devan lè ou mariye e fè pitit, sonje pou bwose dan pitit-ou menm lè li fè dan. Lè li pi gran, montre pitit-la kòman pou'l fè'l poukont-li.*

KONPE JO: *Bon. M' ale, wi! Pase bòn nwit.*

MA DANYEL: *Wi, mèsi. Di fanmi-ou bon swa.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR. 1: *Kounye-a nou kay yon papa pitit ki rele Jonas k'ap fè yon ti pale ak pitit-li Zoubout. An-nou tandè kisa k'ap pase kay Jonas.*

JONAS: *Ti moun-yo, kote nou ye?*

ZOUBOUT: *Men mwen wi, papa.*

JONAS: *M' pa wè Ti Nanou, non.*



ZOUBOUT: *Ti Nanou kouche depi maten.*

JONAS: *Kisa li genyen?*

ZOUBOUT: *Depi maten-an pitit-la ap rele ak vant fè mal. L'ap souke kò'l toupatou. M' pa konnen sa'l genyen. Kòm li rete li sezi, kòm li rete li voye men'l.*

JONAS: *Eske ou wè li manje kèk bagay?*

ZOUBOUT: *Jodi-a fè 3 jou papa, Ti Nanou ap manje mayi griye.*

JONAS: *Zoubout, ki kote ou wè Ti Nanou pran mayi l'ap griye.*

ZOUBOUT: *Nan gwo sak tchen tchen.*

JONAS: *Adye Bondye, mwen pèdi piti mwen-an. Maten-an m' te jwenn ak agronòm Silas. Li te pale'm kòman se yon danje pou tout moun k'ap mete pwodwi nan danre-yo. Ti Nanou, Ti Nanou, Adye eeeee gade kijan mwen menm ap tiye tout pitit mwen, ni mwen menm tou, paske se menm manje nou tout manje. Mwen pral mouri tou Bondye. Madanm mwen mouri e mwen di se yon lougawou. Sa se Lendagren ak DDT k'ap fini ak nou tout. Msye, eeee, ala yon bagay se konesans, konesans se richès. Men, nou tout ap mouri atò paske nou pat konnen sa ki tiye mik ka tiye moun tou. Mezanmi, men sa m'ap di-nou, si nou pa vle mouri tankou ti moun-yo se tou fasil pou fè sa. Seche danre yo byen sèch e mete yon gode lacho pou chak mamit danre, oubyen laye yon gode sann dife e mete yon gode pou chak mamit danre. Li pa pwazon!*

NAR.1: *Depi lontan gen moun k'ap vann pwodwi ki pou konsève danre nou-yo. Gen ki rele poud fwèt, DDT Lendagren elatriye. Tout pwodwi sa-yo se pwazon yo ye. Genyen ki pi danjerèz pase lòt, men depi se bagay ki tiye mik li kapab fè moun malè tou. Si se yon ti kal ou manje, li pap tiye ou vit. Men, piti piti la ogmante nan kò-ou jis ou vin mouri tankou Ti Nanou. Gen moun ki mete poud fwèt nan mayi yap konsève-a. Y'al woule-li san yo pat lave-li epi yo kwit li ak tout pwazon sa-a. Gen fanmi ki manje 2 a 3 liv poud fwèt chak ane. Apre sa, yo di se lougawou ki fè pitit-yo malad.*



Si nou seche danre yo byen epi nou mete lacho oubyen sann dife, nou kapab konsève danre nou-yo san pike menm. Bagay sa-yo pa gen okenn danje pou moun. Ou kapab sèvi ak menm lacho plizyè ane e sann dife pap koute ou 5 kòb. Lacho ak sann dife mande omwens yon gode pa chak mamit danre, men fòk danre-a byen sèch. Gen yon pawòl gran moun ki di" dan pouri gen fòs sou bannann mi sèlman ". Se konsa tou si danre yo manje sèch, grenn-yo pral rete mou pou nenpòt mik kapab pike-li. Premye bagay nou dwe sonbe si nou vle konsève danre-nou-yo se seche-yo byen sèch. Lè grenn-yo jwenn solèy jis yo vin di tankou wòch, dan mik-yo pap gen fòs sou yo ankò. Pito nou evite pase nou mande padon.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: *Eske nou konnen kijan pou sonde mayi, pwa, ak pitimi?*

NAR.1: *Zong-ou paka antre nan jèm mayi-a si li byen sèch
Zong-ou paka fè yon ti mak nan kò grenn pwa-a si li byen sèch
Epi lè grenn pitimi kase sèk anwo dan-ou, ou konnen li byen
sèch. Si li kraze mou li poko sèch.*

NAR.2: *Nou remèsye Komite Santral Menonite pou ti teyat sa-yo yo te
fè'n jwenn nan zòn Bwa Lorans avèk Monben Krochi.*

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*
Kòddonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 2 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE, ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo Ekstansyon IICA. Nou gen avèk-nou jodi-a yon jèn pèsonaj etranje (li sòti Eta Zini d' Amerik) e li travay deja depi 2 zan nan zòn Bwa Lorans. Ou gen pou kite Piyon 2 zè'd tan anvan ou rive la. Marty Gingerich travay ak Komite Santral Menonite e li pataje konesans-li ak anpil groupman nan Bwa Lorans sou nouvo teknik jaden. 3 Pawòl te trè enterese fè kòzman sa-a ak Marty jodi-a, pou nou tout nan peyi-a wè kijan jèn moun kite peyi-yo, fanmi-yo, zanmi-yo pou vin travay ak frè-nou-yo epi sè-nou-yo andeyò. Nou ta espere ke nou va benefisye de prezans Marty jodi-a avèk nou menm jan ke popilasyon Bwa Lorans te benefisye de konesans-li depi 2 zane k'el nan zòn-nan.*

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: *Kijan ou ye Marty?*

KONTWOL: KASET KOTE:A **DE:** MWEN PA TWO MAL NON E OU MENM?
JISKA: SOU NOUVO TEKNIK JADEN



KONTWOL: DE PWOGRAM VANDREDI 3 MAS
DE: NOU TA RENMEN ENVITE ELVE-NOU-YO
JISKA: E ROSEAUX: GILBERT ST. JUSTE

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 5 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: MANMAN KOCHON KI MANKE LET -
KONSEY DOKTE MORIN SOU ZAFE KWAZMAN EPI KEK TI KONSEY SOU
MIZBA. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon
IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

**NAR.1: Jodi-a nou pral pale sou yon pwoblèm anpil elvè konn genyen e
ki ka vin yon gwo pwoblèm ki ka fè'n pèdi lajan si nou
pa konnen kijan pou'n rezoud-li: se pwoblèm lè yon manman
kochon vin manke lèt.**

**NAR.2: Kijan ou ka wè pwoblèm sa-a oswa sispèk manman kochon-an manke
lèt?**

**NAR.1: Ti kochon-yo grangou anpil epi yo plenyen anpil. Y'ap chache
lèt lan plizyè tete. Ou ka wè pafwa ti kochon-yo vin mèg e
fèb. Manman-an konn kouche sou vant-li. Li pa vle pitit-li-
yo tete. Pafwa manman kochon-an gen la fyèb epi manmèl-li
anfle.**



NAR.2: *Poukisa yon bagay konsa rive?*

De fwa se paske manman kochon-an pa't jwenn ase dlo pwòp pou li bwè. Nou konnen ke plis ke 3 ka lèt se dlo. Donk, si ou pa bay dlo ou pa'p jwenn lèt. Manman kochon-an ka twò cho. Manman kochon-an pa't jwenn tout kalite manje depi lè li te plenn. Li ka genyen enfeksyon nan mamèl oswa enfeksyon nan matris-li.

NAR.1: *Lè sa rive fòk nou reaji touswit! Premye bagay se jwenn yon lòt sous lèt pou ti kochon-yo touswit. Si kochon-yo pa bwè lèt byen vit yo ka mouri. Men kisa ou ka fè pou sove-yo.*

NAR.2: *Bayo sewòm oral. Sewòm oral ka kenbe kò-yo. Ou ka bay ti kochon-yo lèt bèf oswa lèt kabrit omwens 6 fwa pa jou. Ou ka bayo lèt an poud tou. Men kijan pou prepare'l:*

NAR.1: *Melanje 1 boutèy kola plen ak dlo bouyi ak 2 gwo kiyè lèt an poud epi demi ti kiyè lwil kizin. M'ap reprann pou nou... Bay lèt sa-a ak yon kiyè, yon sereng oswa nan yon veso. Si se nan veso: premye fwa-a, mete nen ti kochon-yo ladan'l. Ti kochon-yo entelijan, depi ou montre-yo yon premye fwa apre sa y'ap chache chimen lèt-lan ki nan veso-an poukont-yo.*

NAR.2: *Yon denye rekòmandasyon. Si ou gen kèk lòt manman nouris, mete ti kochon-yo avèk-li. Men, toujou veye pou tout ti kochon-yo gen menm fòs.*

NAR.1: *Sa se pou ti kochon-yo. Men pa bliye ke fòk nou pran swen manman-an. Si nou fè sa a tan lèt-li ka retounen. Men kisa pou'n fè:*

- . Bay Manman kochon-an anpil dlo pwòp pou li bwè toutan epi bali plis manje.*
- . Si'l nan solèy, mete'l nan lonbraj*
- . Si'l twò cho, benyen'l*



- . *Bali fèy papay pou'l manje. Sa ka ede lèt-li desann*
- . *Fè masaj nan manmèl-li*
- . *Si'l gen la fyèv (ki vle di li gen yon enfeksyon) bali antibyotik pandan 3 jou.*

NAR.2: Sa se te yon ti koze sou: manman kochon ki manke lèt.

NAR.1: Jodi-a nou tounen ak konsèy Doktè Morin sou zafè kwazman.

NAR.2: Men, fòk mwen di-nou ke anpil fwa nan peyi nou-an, nou pa okipe kilè oswa kijan bèt-nou-yo kwaze. Sa se yon erè paske si nou pran swen n'ap toujou jwenn pi bon rezilta.

NAR.1: En ben, esplike kilè kabrit kòmanse gen chalè non Ramo.

NAR.2: Kabrit kòmanse gen chalè ant 5 a 10 mwa.

NAR.1: Ki ti konsèy Doktè Morin voye pou nou?

NAR.2: Li di, si ou bay femèl kabrit-la plis manje pandan 3 semenn, 3 semenn wi avan ou kwaze'l, gen yon pi bon chans pou'l fè plis pitit.

NAR.1: Sa se gwo zen. Men ou konn yon bagay: li fè sans. Paske, lè yon fanm ansent, si li pa manje byen, li ka fè yon ti pitit ki rachitik/ ki pa byen vini. Bon manje enpòtan anpil pou yon femèl kabrit k'ap pare pou'l tann pitit.

*NAR.2: Tou sa pa sa an-nou tounen sou zafè chalè. Kabrit gen chalè chak 21 jou e yo rete an chale 1 a 3 jou. Chak 21 jou yo gen chalè e yo rete an chalè 1 a 3 jou. Men kèk siy ou kapab wè:
Kabrit-la aji dwòl
Li pa alèz
Li pipi souvan
*Li enterese nan bouk-la**

NAR.1: Kisa nou dwe fè lè konsa?



NAR.2: *Ou gen dwa kwaze femèl kabrit-la 2 fwa pa jou pandan li gen chalè oswa ou ka lage'l avèk bouk-la.*

NAR.1: *Eske ou gen kèk denye rekòmandasyon pou moun-yo?*

NAR.2: *Mwen ta renmen esplike yo ke femèl kabrit pran 5 mwa pou fè pitit. Sa vle di, si li kwaze 20 Septanm l'ap fè pitit 20 Fevriye konsa. Oswa si yon kabrit kwaze 20 Mas l'ap fè pitit 20 Out konsa. Bali plis manje pandan 6 semenn avan li fè pitit.*

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: *Kèk konsèy Doktè Morin voye pou nou*

NAR.2: *Si tout bagay mache byen, ti kabrit yo ap fèt ant 1 è a 2 zèd tan apre femèl kabrit-la kòmanse akouche. Si ti kabrit yo poko fèt inèd tan apre femèl kabrit-la kaze lezo, mete'l tèt anba e leve deyè'l pou ti kabrit-yo ka rearanje andedan'l. Apre sa lage'l. Gen bon chans pou pitit yo fèt.*

NAR.1: *E si femèl-la toujou gen pwoblèm sa-a?*

NAR.2: *Lè sa-a wa lave men-ou, bra-ou jouk anba zesèl-ou. Pa bliye koupe zong-ou. Lave byen lave epi apre sa lave deyè femèl kabrit-la epi mete men-ou andedan'l dousman pou eseye rale pitit-li-yo deyò.*

NAR.1: *Mwen te tande yon ajan veterinè di ke si ou gen yon manman ki te gen pwoblèm akouchman fòk ou bali antibyotik, kisa ou di dan sa ou menm*

NAR.2: *Annefè, si ou mete men-ou andedan'l oswa li te gen kèk enfeksyon apre yon akouchman difisil w'ap bali 1 cc penisilin pwokayin pou chak 30 liv pwa li, yon fwa pa jou pandan 5 jou omwens. Sa vle di chak 30 liv pwa bèt-la genyen w'ap bali 1cc. M'ap ba-ou yon egzanp: si manman kabrit-la peze 180 liv w'ap bali 6 cc penisilin pwokayin pandan 5 jiska 7 jou.*

NAR.1: *Nòmalmman femèl kabrit-la pral gen ti kabrit-li-yo san pwoblèm,*



*men li toujou bon pou nou konnen kisa pou nou fè si jamè nou
vin gen kèk konplikasyon. Evite toujou miyò pase mande padon.*

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 6 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KEK TI KONSEY DOKTE MORIN SI NOU GEN BEF, CHWAL, KOCHON OSWA KABRIT. EPI KI JAN POU'N FE BON FWEN. An-nou tande ti kòzman sa-yo ak Jean Israel Ramo epi Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Si nou gen bèf, kochon oswa chwal, men kisa pou'n fè si yo gen tik, gal oswa pou:

NAR.1: Nou ka jwenn achte pi fasilman MALATYONG, MALATYONG. Malatyong se yon pwazon ke nou ka itilize kont tik, gal ak pou. Genyen 2 kalite malatyong. Malatyong likid ki genyen 57 pou san fòs epi malatyong an poud ki genyen 24 pou san fòs.

NAR.2: Men kijan pou sèvi ak malatyong likid-la ki genyen 57 pou san fòs: W'ap mete 3 gwo kiyè swa (30 cc) mete 3 gwo kiyè malatyong, nou konprann byen: 3 gwo kiyè malatyong likid-lan nan yon galon dlo. Benyen bèf-la chak 2 semenn. OU ka fè trètman sila-a youn, 2 oswa 3 fwa si gen nesesite.

INSTITUT INTERAMERICAIN DE COOPERATION POUR L'AGRICULTURE
BUREAU EN HAÏTI

B.P. 2020 PORT-AU-PRINCE, HAÏTI • TEL. 5-3616. 5-1965 • Titre IMPASSE LAVAUD No 14 • TELEFAX 20.30511



NAR.1: *Pou malatyong an poud ki gen 24 pou san fòs: w'ap mete 7 gwo kiyè, nou tandè'm byen 7 gwo kiyè malatyong an poud nan yon galon dlo. Benyen bèf-la chak 2 semenn. Fè trètman sila-a youn, 2 oswa 3 fwa si gen nesesite.*

NAR.2: *Men kijan pou anpeche pwoblèm vè kay kabrit.*

NAR.1: *Bay vèmfif chak 3 mwa. Bay vèmfif (remèd touye vè) chak 3 mwa. Lè ou taye zèb pou kabrit mare'l anlè ou byen mete'l nan yon manjwa pou zèb-la rete pwòp. Mare kabrit-la kote ki pa gen pou pou kabrit e change'l plas chak jou.*

NAR.2: *Sou kijan pou koupe zago kabrit-yo, sa sa pral yon demonstrasyon ke ekip ekstansyon IKA-a ki sou teren-a pral fè nan chak zòn. Pran kontak swa ak fòmètè nan zòn-ou-an oswa ajan veterinè oubyen agronòm distrik zòn-ou-an. Pou plis enfòmasyon, kontakte ajan veterinè, agronòm distrik oswa fòmètè ki nan zòn-ou-an.*

NAR.1: *Kounye-a nou pral tandè kèk ti konsèy Doktè Morin sou elvaj bèf.*

NAR.2: *Kijan pou evite pwoblèm e kenbe bèf nou-yo an fòm? Bayo bon dlo pou bwè chak jou - Bayo bon manje chak jou. Avan tan sèk, fè yon depo fwen pou yo ka toujou gen bon manje pandan sechrès.*

NAR.1: *Chache bon mineral pou yo manje. Si ou gen mwayen achte yon blòk mineral pou bèf ou-an ka niche. L'ap jwenn tout kalite mineral ladan'l. Mineral ke bèf manke plis an Ayiti se fosfò. Lè bèf-lan manke fosfò, li mal pou'l grandi, li mal pou'l repwodui.*

NAR.2: *Si bèf-ou-an gen pwoblèm tik, trete'l pou sa. Sonje trètman*



malatyong-nan. Bay bèf-ou-an vèmifij remèd touye vè) Vèmifij 4 fwa pa ane. Kenbe bèf-ou-an yon kote ki pa twò mouye pou zago'l pa pouri. Si zago-yo vin twò long, taye-yo.

NAR.1: *Fè tout jefò pou evite aksidan pa egzans: bèf tonbe nan kòd epi li toufe. Oswa bèf-lan tonbe epi li kase janm-li. Veye bèf-ou-an chak jou pou ka trete pwoblèm oswa maladi bonè avan li vin grav. Epi pa bliye: EVITE MIYO PASE MANDE PADON!*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.1: *Men kèk zen sou kijan pou'n fè bon fwen. Lè gen bon zèb ki toujou byen vèt, byen jenn, rekolte kèk nan zèb-yo pou fè yon depo fwen. Lè ou fè fwen, w'ap konsève zèb-lan pou lè tan-an vin sèk. Se fwen-an ki ka kenbe bèf-la nan tan sèk, lè pa gen bon zèb pou yo manje.*

NAR.2: *Lè gen bon tan: taye zèb-la pou fè yon depo fwen. Taye zèb-la apre solèy fin leve epitou lè pa gen lawouze ankò. Gaye zèb-la atè e tounen'l chak jou pou solèy kapab seche'l. Tounen zèb-la dousman pou li pa pèdi tout fèy-li.*

NAR.1: *ENPOTAN: Mete fwen-an andedan yon kay ki pa koule oubyen yon tonèl epi mete ròch anba fwen-an pou'l pa mouye paske si sa rive l'ap gate. Pou fè fwen-an pi gou, ou ka mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch. Men kijan nou ka pèdi fwen-an:*

NAR.2: *Fwen-an pa't gen tan ase sèk avan ou te mete'l nan depo. Sa ka fè'l dekonpoze. Sa vle di, fwen-an chofe poukont-li e li vin kwit. Lapli-a mouye fwen-an e fè'l gate. Fwen-an pèdi fèy-li akòz li twò sèk.*

NAR.1: *Donk, sonje: Rekolte zèb jenn e byen vèt. Koupe zèb-lan lè solèy fin leve epitou lè pa gen lawouze ankò. Gaye zèb-lan atè e tounen-li chak jou pou solèy-la seche'l. Tounen zèb-la dousman pou'l pa pèdi fèy-li. Mete fwen-an andedan yon kay ki pa koule. Mete ròch anba fwen-an pou'l pa mouye*

NAR.2: *Epi kèk denye ti rekòmandasyon:*



Si ou vle fè fwen-an genyen plis gou: mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch. Sonje se foraj ki jenn ki gen plis nouriti e ki fè pi bon fwen. Donk, pa fè fwen ak foraj ki twò vye.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM MEKREDI 7 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSKYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawol pote pou nou: KOZMAN SOU KISA NOU RELE YON GWROUP EPI ROL YON ANIMATE NAN DEVLOPMAN RIRAL. Ak Danièle Mangonès-Dejean, Reskonsab Radyo Ekstansyon IICA. An-nou tande:*

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: *Tout moun ap pale de gwoup. Yo pale de yon gwoup pou yo di jan yo renmen'l oubyen jan yo deside fè eksperyans yo avèl. Gen tout sot de gwoup tankou: gwoup sosyal, gwoup politik, gwoup kiltirèl, gwoup relijyèz, gwoup detid, gwoup daksyon elatriye. Men, kisa yon gwoup ye?*

NAR.1: *Pou nou ka di genyen yon gwoup fòk gen rasanbleman moun ki an relasyon youn ak lòt epi kap pouswiv yon menm bi. Sa vle di: yon sèl moun pa yon gwoup. Fòk genkyen yon lòt bagay tou fòk moun ki la-yo youn konn lòt epi fòk yo gen relasyon antre yo.*

NAR.2: *Konsa nou ka di yon gwoup se plizye moun kap fè menm bagay pou yo realize menm bi epi y'ap fè travay sila-a tèt ansanm. Men poukisa n'ap pale de sa jodi-a Dan?*



NAR.1: *Paske travay fòmètè-yo, travay ekip ekstansyonis-yo k'ap feraye nan milye riral-lan se ak gwoup moun yo travay. Nou menm tou, lè n'ap pataje konesans-nou ak moun ki nan kominote-nou, se ak gwoup n'ap travay. Se pou sa jodi-a nou vle pale de avantaj gwoup epi animasyon ak kalite yon bon animatè ta dwe genyen.*

NAR.2: *Yon gwoup se yon nesese li ye nan yon sosyete. Li pèmèt-nou amelyore edikasyon manm-yo. Li pèmèt devlope pèsonalite ak kalite manm-yo. Li pèmèt-nou aksepte yon disiplin epi abitye youn ak lòt. Li pèmèt-nou konbat egoyis. Li fè timid-yo vin gen konfyans nan tèt-yo epi pran reskonsabilite-yo. Li pèmèt-nou reflechi. Konprann koute lòt, aksepte ide lòt moun epi li fè nou gen abitud pran desizyon. Kisa gwoup-lan gen pou wè ak animasyon, Dan?*

NAR.1: *Fòk gen yon gwoup moun pou gen animasyon. Animasyon vle di mete lavi, mete nanm, bay gou viv ansanm. Lè nou di n'ap fè animasyon, sa pa vle di: òganize, anseye, dirije. Animasyon vle di n'ap ede yon gwoup mache, n'ap ede yon gwoup reveye pou li rive pran tèt li an men. Nou menm k'ap fè travay sa-a se animatè nou rele.*

NAR.2: *Ki vle di la-a, yon fòmètè: se yon animatè li ye? Yon ekstansyonis se yon animatè li ye tou?*

NAR.1: *Se sa menm Ramo. Yon animatè, li osèvis yon gwoup. Li la pou'l ede gwoup-la pwogrese nan sa li vle jwenn-nan. Lè n'ap fè animasyon nou ka gen 2 konpòtman. Dirije oswa pa dirije. Konpòtman sa-yo bay 4 estrikti nan gwoup-yo.*

NAR.2: *Gen estrikti save kote animatè-a ka fè yon konferans save epi*



apre li envite gwoup-la poze kesyon men menm li menm reponn pwòp kesyon'l. Pa gen echanj. Fason sa-a pa ede moun-yo patisipe.

NAR.1: *Yon lòt estrikti se estrikti blòf kote animatè-a kite tout moun bay ti kòzman-yo lè yo vle epi lè yo fin di ki chanjman yo ta renmen wè, animatè-a kontinye san li pa chanje anyen, san li pa adopte anyen nan sa moun-yo te di.*

NAR.2: *Gen estrikti dezòd kote animatè-a kite tout moun pale. Chak moun di sa yo vle. Apre yon reyinyon konsa moun-yo rantre lakay-yo san desizyon epi ak anpil konfizyon.*

NAR.1: *Denye estrikti-a se estrikti demokratik kote animatè-an travay ak ti ekip epi ak kesyon. Chak moun pale men nan lòd. Estrikti sa-a ede tout moun nan gwoup-la pran desizyon. Ki wòl nou wè yon animatè ta dwe genyen, Ramo?*

NAR.2: *Wòl animatè-a se fè moun-yo konprann. Li dwe koute moun k'ap pale e li la pou'l reprann pou moun ki pa konprann-yo. Animatè-a la pou'l bay fòmasyon oubyen pou'l bay reyinyon-an direksyon. Lè fini, f'òl ka rezime tout sa ki te di-yo. Animatè-a la pou'l fè gwoup-la travay nan lòd.*

NAR.1: *Animatè-a la pou-li satisfè tout moun. Li chache konnen bezwen gwoup-la pou li kapab genyen yon pi bèl prezans nan mitan-yo. Li la pou-li kreye yon bon klima, pou'l ankouraje moun-yo devlope talan-yo. Epi li trè zenpòtan pou animatè-a veye dire reyinyon-an. Si'l te bay yon lè pou'l fini li pa fèt pou'l depase lè sa-a. Sèlman si gwoup-lan an majorite ta mande pou kontinye apre lè li te bay pou reyinyon-an fini, li kapab kontinye'l.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.2: *Ki kalite nou ta dwe genyen pou'n rive fè yon bon animatè?*

NAR.1: *Youn nan premye kalite pou yon animatè genyen se konfyans nan tèt-li. Epi fòk li ka aksepte rès gwoup-la jan yo ye a e li dwe respekte-yo pou sa yo ye.*



NAR.2: Fòk animatè-a pa charye yon pakèt prejije. Fòk li gen lespri vyèj. Sa vle di li pa dwe vini ak lide tou pare sou moun yo oswa sou gwoup-la. Fòk se yon moun ki pa femen. Ki bay akèy anpil enpòtans. Li pa fèt pou'l egoyis ki wè tout bagay pou li. Sa dwe yon moun ki konn viv ak lòt etan li ka bliye tèt li pou'l sonje lòt yo.

NAR.1: Animatè-a dwe senp. Senp nan langaj-li. Senp nan fason li abode pwoblèm-yo e li dwe senp tou nan abiman'l. Fòk li ka adapte'l a tout sikonstans. Yon moun ki kite ti kric ti krak kontrarye'l pa ka fè yon bon animatè. Lè nou adapte-nou a tout sikonstans, nou ka travay nenpòt kote, nou mete chans bo kote'n pou'n travay nan nenpot sikonstans.

NAR.2: Men, fòk se yon moun ki fèm. Fèm men pa sevè. Li dwe yon moun ki gen karaktè ak pèsonalite. Li pa kite moun fè'l a dwat fè'l a gòch. Li konn sa'l vle. Li gen fòs ak karaktè ki pèmèt-li pran desizyon lè sa nesesè.

NAR.1: Se yon moun ki gen bon jan. Paske nan animasyon, relasyon youn ak lòt enpòtan. Sa fè yo aksepte'l pi vit, pi byen. Animatè-a konn fè silans lè li merite fè silans. Li konn souri, bay ti blag lè li nesesè. Se yon moun!

NAR.2: Wi, se yon moun ki gen posibilite kreye, imajine, fè rezime. Animatè-a se yon chèf okès kap ankouraje fè etan lap akonpaye.

NAR.1: Menzanmi, tout kòzman sa-yo pa dwe bannou tèt chaje. Nou tout gen anpil bèl kalite sa-yo lakay-nou. Si nou manke 2 zou 3, nou ka fè kèk ti jefò pou'n fè travay animasyon-an miyò kote nou ye-a. Nou swete-nou tout bonn chans nan travay tèt ansanm n'ap fè pou devlopman riral. Chak fwa nou mete kè-nou, nanm-nou nan travay n'ap fè-an, se bon travay animasyon n'ap fè. Nou espere ti kòzman sa-a va ede nou chak nan travay nou. A la pwochè.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE.





A: *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

DE: *Danièle Mangonès-Dejean
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

POU: *PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 8 JEN, 1989*

KONTWOL: *ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*

NAR.1: *Jodi-a pwogram 3 pawòl-lan pral fè yon ti eklèsisman pou kèk elvè sou diferan swen yo fèt pou bay bèt-yo an jeneral. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.2: *Dan pouki rezon yon eklèsisman sou diferan swen elvè fèt pou bay bèt-yo. Eske se kèk moun ki rele-nou, mande-nou?*

NAR.1: *Mon chè Ramo, se mesaj kèk elvè, nan Nò te voye bannou ak ekstansyonis ki travay nan zòn sa-a. Premyèman, kèk elvè plenyen - yo di yo trouve yo bije bay bèt-yo twòp swen. Yo bay kòm egzanp "vaksen" - bagay yo paka fè pou pitit-yo. Yon lòt bagay se vèmifij (remèd pou touye vè). Mwen dakò - - de fwa nou ka pa gen mwayen pran swen pwòp pitit nou. Men, m'ap mande-nou tout k'ap koute'm. Eske nou vle konnen kisa ki ta miyò pou'n evite maladi kay bèt-nou? Eske paske yon moun pa gen ase lajan li fèt pou'l rete nan fè nwa? Li fèt pou'l rete san konesans? Souvan nou bay kèk konsèy sou zafè medikaman oswa sou zafè manje ke nou tout pa gen mwayen*



fè. Men, eske nou pa kwè li toujou pi bon pou gen enfòmasyon anba ponyèt-nou? Pandan m'ap pale avèk-nou la-a, gen de elvè Paskatabwa ki kalkile pito yo met yon ti kòb deyò pou bay bourik-yo vèmifij paske bourik sa-a, se li menm ki pòte chay kay-li, ki pòte machandiz-li nan mache - ki rale moulen kann-li. Si li pa mete ti kòb sa-a deyò, bèt-la ka mouri ak vè - - Lè sa-a, e li menm, e pitit-li-yo nan ka.

NAR.2: Sa se verite - - Nou toujou di evite miyò pase mande padon - Gen rezon pou sa. Souvan se paske nou kenbe bèt-nou-yo nan move kondisyon ki fè nou gen pakèt maladi ki konn tonbe sou nou tankou yon lavalas. Yon lèt bagay sèke gen de epòk gen kèk maladi kontajyèz (ke lòt bèt gen dwa trape de sak maladi-yo) lè sa-a, pito ou reziyen-ou mete yon ti kòb deyò pou vaksinen si se yon maladi ke vaksen ka pwoteje bèt-ou-an. Pa egzanp, kounye-an nan Jeremi elvè-yo gen chans pou vaksinen bèf-yo kont chabon ki rele antraks. Ak 5 Goud, yo pran chans depanse lajan sa-a paske ale wè yo gen yon bèf ki gen chabon. Y'ap pèdi e sak e krab. Yo pa ka vann vyann sa-a, se danje pou nout tout - Moun ka trape maladi chabon - yo ka mouri si yo manyen andedan kò bèt sa-a. Eske li pa vo ti traka sa-a pou evite maladi malouk sa-a ki ka fè-ou pèdi anpil lajan, ki ka tiye yon bann moun (si moun ki gen bèt sa-a pa gen konsyans). Kounye-an nou pral fè yon ti bak ankò.

NAR.1: Ramo t'ap pale de kenbe bèt-yo nan move kondisyon. Konbyen fwa nou tande yon moun di: se yon bèt, ou ka ba'l manje nenpòt kisa? Oubyen ou ka rive nan yon bouk, ou wè yon manman kochon plenn epi ou wè moun k'ap okipe'l-lan ap ba'l kout pye pou'l leve manje? Konbyen fwa nou rive yon kote nou wè de ti bèt ki fèk fèt nan dlo ak imidite. Tout bagay sa-yo, se move kondisyon yo ye. Ki vle di: Kit se kochon, kit se bèf, kit se chwal kit se poul, fòk nou realize se pa wòch yo ye se



zannimo vivan yo ye ki bezwen bon manje, bon dlo, pwòpte, swen. Menm jan avèk nou, yo pa renmen yo maltrete-yo.

NAR.2: *Gen de moun ki konn mande? Eske bèt-lan pale avèk ou, se li menm ki di-ou li pa renmen sityasyon'l? M'ap bannou egzanp ki pral montre-nou kisa ki ka rive lè nou maltrete yon bèt. Gen 2 elvè ki gen 2 bèl kochon yo kòmanse angrese-yo menm lè. Anplis, yo te achte-yo lè ti chatre-yo te gen 2 mwa (tou le 2 bèt sòti nan menm pòte - yo te gen menm manman). Bèl jou rive pou 2 monkonpè-yo mennen chatre-yo nan mache. Youn leve bonè, mande 2 moun ede'l ak bèt-lan pou lè tanzantan bèt-la pa ta vle mache, pou yo bal yon bourad nan dèyè'l. Anvan solèy gen tan vin twò cho monkonpè sa-a gentan fè mwatye chimen pou tounen nan bouk-lan, lè li kontre ak lòt monkonpè-an.*

NAR.1: *Lòt monkonpè-an menm chwazi, solèy fin leve nèt, li di lòt-lan, ala sòt ou sòt - mwen fè yon bon dòmi - mwen gen tan fè yon bon manje anvan'm sòti epi afè mete moun nan kòzman-ou: se pa pou mwen sa, paske mwen p'ap gen poum pataje anyen ak pesònn. Premye monkonpè-an kontinye fè chimen lakay-li pandan lèt-lan li menm kòmanse ap pèdi pasyans. Li pran yon gwo baton, li kòmanse bat kochon-an sou tèt, bò dèyè'l - Lè sa pa mache, li kòmanse rale kòd ki nan kou kochon-an. Kochon-an li men, se yon bèt li ye...li paka plenyen, li pa ka pale...Solèy kòmanse chofe seryèzman, kochon-an ap soufel, soufle, soufle...Mèt-la li menm l'ap voye kout baton monte, tanzantan l'ap rale sou kòd-lan. Piti, piti monkonpè rive nan mache. Tan pou'l diskite pri, kochon tonbe mouri.*

NAR.2: *Se vre yon bèt se yon bèt. Li pa merite ou mete'l nan kabann, ni'l pa merite manje sou tab, men, zanmi elvè-nou-yo, kilès nan monkonpè sa-yo ki gen rezon? Kisa ou ta fè ou menm, maltrete oswa pa maltrete bèt-ou? Vaksinen oswa pa vaksinen bèt-ou? Bay vèmifij (remèd touye vè) oswa kite vè anvayi bèt-ou?*

KONTWOL: *MIZIK SOU AN-NOU PRAN SWEN BET-NOU-YO*

NAR.1: *Souvan nou tande kèk moun di se bèt., yo pa bezwen swen, yo pa merite ou envesti twòp tan-ou pou yo. Antouka pa bliye, sa-ou*



fè, se li ou wè. Gen de bagay ki oblije-nou mete ti kòb deyò pou nou ka jwenn avantaj ak bèt-nou-yo. Men, souvan, ak yon jefò, ak yon ti lespri, san nou pa me't okenn lajan deyò, nou ka pran swen zannimo-nou-yo korèk san nou pa pèdi twòp tan ni pèdi tout bagay. Pa egzanp, lè yon manman kochon fèk fè pitit, si nou sanble pay sèk, fè yon ti kwen nan yon pak pou bayo pwoteksyon pou manman-yo pa kouche sou yo, nou ka sove 3 ka nan ti kochon sa-yo paske ti kochon tankou tout ti bèt ki fèk fèt pa renmen fredri, pa renmen mouye, pa renmen imidite . Bagay sa-yo se gwo lenmi ti bèt yo ye. Kenbe tout ti bèt ki fèk fèt pwòp, sèk, cho. Sa se yon ti teknik ki pa koute nou okenn lajan men fòk nou envesti yon ti tan.

NAR.2: *Yon lòt egzanp - Yon bèt fèk metba - Li nouris - li mare yon kote. Pyès moun pa enterese pòte dlo tanzantan pou-li, ni pòte ti manje tou. Men, menm moun sa-yo trouve bèt sa-a pa vo anyen, paske li pa bay lèt oubyen lè'l fin sevre pitit-li-yo li pa ka fè lòt. Men yon bagay. Nou ka enterese timoun-nou-yo, depi yo tout piti, bay bèt-nou-yo swen. Dlo se lavi. Men, pa gen okenn kote ki di slo se lavi pou nou menm kretyen vivan sèlman. Kit se bèt, kit se pyebwa, kit se plant kit se nou menm - san dlo - n'ap mouri. Nou ka pa genyen ase dlo kote nou viv-lan men, si nou gen yon bèt ki fèk metba, pou'n sove pitit-li-yo fòk li jwenn dlo toutan. San dlo pa gen lèt - e sa se yon lòt ti teknik ki pa koute-nou anyen.*

KONTWOL: *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE: Danièle Mangonès-Dejean
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 9 JEN, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Kisa diakout chaje pòte pou elvè-nou-yo jodi-a Ramo?

NAR.2: KIJAN POU NOU BAY KOCHON-NOU-YO MANJE - KIJAN POU'N KWAZE YON CHWAL - KIJAN POU CHWAZI YON CHWAL POU ACHE - MALADI NOU RELE CHABON EPI KISA POU'N FE SI NOU GEN KEK PWOBLEM OSWA NOU TA RENMEN KEK FOMASYON BO LAKAY NOU.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Kijan nou ta dwe bay yon manman kochon ki nouris (k'ap bay lèt) manje? An jeneral, bay anpil dlo e eseye jwenn kalite manje ki gen anpil enèji pou bali pou manman kochon-an ka bay anpil lèt epi pou'l pa vin twò mèg. Men pousika enèji?

NAR.2: Enèji pou bay fòs - enèji pou bay lèt - enèji pou fè gra. Nou jwenn enèji nan mayi ak pay mayi - nan pitimi ak pay pitimi - nan ble oswa son de ble - nan grenn palmis, ji kann, siwo



kann, melas, rapadou, patat, bannann, zaboka epi fwi-yo.

NAR.1: *An jeneral, manje kochon an Ayiti manke kalsyòm. Yon bon sous kalsyòm se tif oswa lacho oswa sab blan. Manman kochon bezwen plis kalsyòm pou bay lèt. Alòs, bay manman kochon-an yon gwo kiyè lacho oswa tif nan manje'l, 2 fwa pa jou pandan l'ap bay lèt. Sa ka evite yon kriz kalsyòm lakay-li. Si'l gen kriz kalsyòm, janm deyè'l vin fèb oswa li paka leve menm. E ti kochon k'ap grandi, Ramo, kisa pou'n bayo manje?*

NAR.2: *Ti kochon tankou ti moun bezwen manje ki genyen anpil pwoteyin paske pwoteyin se manje ki bati kò-a, ki fè kò-a grandi. Paske si ti kochon oswa ti moun pa jwenn ase pwoteyin nan manje-yo, yo pap janm ka devlope byen. An jeneral manje ki gen pwoteyin se nenpòt vyann oswa lòt bagay ki sòti nan yon bèt tankou lèt, fwomaj, ze e san. Lòt manje ki gen pwoteyin se nenpòt pwa oswa nenpòt plant ki ka fè yon gous tankou pwa velvèt, doliv. Epi lòt fèy ki gen pwoteyin tankou bwa patat, fèy bwadòm. E pou tout lòt kochon-yo, Dan?*

NAR.1: *Bay tout kochon tout kalite manje chak jou. Pa janm konte sou yon sèl sous manje. Bay manje ki gen mineral (pou pwoteje kò-a, pou fè zo-yo devlope - pou kenbe zo-yo solid e pou bay lèt) epi bay manje ki gen vitamin ki pou pwoteje kò-a, pou fè kò-a mache byen. Nou ka jwenn mineral nan sab, tif, zo, nan son de ble, nan pay-yo. Nou ka jwenn vitamin nan tout kalite fèy, bwa patat, legim, fwi e dechè kizin. Rache manje-a byen anvan ou bay-li pou kochon pa gaspiye'l e pou yo ka manje'l pi byen.*

NAR.2: *Kèk ti rekòmandasyon:*

- Kochon ki plenn e koure-yo bezwen rete an bon eta donk bayo tout kalite manje toutan. Pa kite-yo vin ni twò mèg, ni twò gra. Si yo vin twò mèg, bayo plis manje ki gen anpil enèji ladan'l tankou pay mayi oubyen siwo kann, fwi elatriye. Ei pa bliye bayo vèmifij (remèd pou touye vè) bayo vèmifij 2 a 4 fwa pa ane.*



- Bay tout kochon e espesyalman manman nouris-yo anpil dlo pwòp e fre pou bwè toutan. Dlo kise lavi, dlo ki pou grandi, dlo ki pou repwodui, dlo ki pou bay lèt, dlo ki pou pwoteje kò-a.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Kounye-a, nou pral fè yon ti pale sou kijan pou'n kwaze yon chwal.

Chwal kòmanse vle kwaze lè yo gen 12 a 15 mwa. Men, pa kwaze-yo jouktan yo gen omwen 3 zan pou yo ka fin byen devlope. Pi fò chwal gen chalè pandan Mas rive Aout. Chwal-yo gen chalè chak 21 jou. Ki siy chalè-yo, Ramo?

NAR.2: Yo aji dwòl e yo enterese nan poulan-an. Lè yo wè poulan-an, yo leve ke-yo, yo jete pipi e yo ekate janm dèyè-yo. E yon jiman ki pa an chalè?

NAR.1: Yon jiman ki pa an chalè pa enterese nan poulan-an e si poulan-an eseye vin twò pre'l jiman-an ap ba'l kout pye. Donk si jiman-an pa an chalè, pinga ou fose kwazman-an paske jiman-an ka blese poulan-an ak kout pye. Chwal rete an chalè pandan 3 rive 7 jou. Kwaze-yo chak jou pandan jiman-an an chalè. Li pi enpòtan pou kwaze jiman-an pandan denye jou chalè'l.

NAR.2: Kèk ti konsèy:

- Pa kwaze yon poulan plis ke 6 fwa pa semenn
- Pinga ou kwaze yon jiman ki sòti nan menm fanmi ak poulan-an, w'ap bese ras-la.
- Veye chwal-la byen 18 a 24 jou apre kwazman. Si li pa vin an chalè ankò pandan jou sa-yo, gen yon bon chans ke jiman-an plenn. Pou konnen byen si jiman-an an chalè, ou bezwen prezans poulan-an pou ka wè reaksyon'l. Konbyen tan chwal plenn?

NAR.1: Chwal plenn pandan plizonwen 340 jou. Kenbe jiman-an an bon eta pandan li plenn pou lè li fè pitit li ka akouche san pwoblèm epi li ka byen okipe pitit-li. Pa kite li vin ni twò mèg, ni twò gra. Sa sete sou kwazman chwal.



- Bay tout kochon e espesyalman manman nouris-yo anpil dlo pwòp e fre pou bwè toutan. Dlo kise lavi, dlo ki pou grandi, dlo ki pou repwodui, dlo ki pou bay lèt, dlo ki pou pwoteje kò-a.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Kounye-a, nou pral fè yon ti pale sou kijan pou'n kwaze yon chwal.

Chwal kòmanse vle kwaze lè yo gen 12 a 15 mwa. Men, pa kwaze-yo jouktan yo gen omwen 3 zan pou yo ka fin byen devlope. Pi fò chwal gen chalè pandan Mas rive Aout. Chwal-yo gen chalè chak 21 jou. Ki siy chalè-yo, Ramo?

NAR.2: Yo aji dwòl e yo enterese nan poulan-an. Lè yo wè poulan-an, yo leve ke-yo, yo jete pipi e yo ekate janm dèyè-yo. E yon jiman ki pa an chalè?

NAR.1: Yon jiman ki pa an chalè pa enterese nan poulan-an e si poulan-an eseye vin twò pre'l jiman-an ap ba'l kout pye. Donk si jiman-an pa an chalè, pinga ou fose kwazman-an paske jiman-an ka blese poulan-an ak kout pye. Chwal rete an chalè pandan 3 rive 7 jou. Kwaze-yo chak jou pandan jiman-an an chalè. Li pi enpòtan pou kwaze jiman-an pandan denye jou chalè'l.

NAR.2: Kèk ti konsèy:

- Pa kwaze yon poulan plis ke 6 fwa pa semenn
- Pinga ou kwaze yon jiman ki sòti nan menm fanmi ak poulan-an, w'ap bese ras-la.
- Veye chwal-la byen 18 a 24 jou apre kwazman. Si li pa vin an chalè ankò pandan jou sa-yo, gen yon bon chans ke jiman-an plenn. Pou konnen byen si jiman-an an chalè, ou bezwen prezans poulan-an pou ka wè reaksyon'l. Konbyen tan chwal plenn?

NAR.1: Chwal plenn pandan plizonwen 340 jou. Kenbe jiman-an an bon eta pandan li plenn pou lè li fè pitit li ka akouche san pwoblèm epi li ka byen okipe pitit-li. Pa kite li vin ni twò mèg, ni twò gra. Sa sete sou kwazman chwal.



KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: *Kounye-a nou pral di-nou kijan pou'n chwazi yon chwal pou achte.*

- . Chwazi yon chwal ki gen bon pye e bon janm*
- . Chwazi yon chwal ki pa twò vye. Tyeke dan'l pou kontwole ki laj li genyen.*
- . Chwazi yon chwal ki gen yon bon do ki pa ni twò fèb ni twò plat. Pa achte yon chwal ki gen maldo. Ki lòt bagay, Dan?*

NAR.1: *Si ou vle yon chwal pou kwaze, pa achte yon chwal ki sòti nan menm fanmi ak lòt chwal pa-ou.*

Chwazi yon chwal ki gen yon bon bouch ak bon dan po yo ka byen manje.

Chwazi yon chwal ki gen bon je ki byen kle

Chwazi yon chwal ki gen bon konpòtman e ki an bon eta

Pa achte chwal ki konn gen pwoblèm ak kolik.

NAR.2; *Chwazi yon chwal ki pa gen pwoblèm pou respire. Pa achte yon chwal ki gen pwoblèm lagoum souvan.*

Pa achte yon chwal ki gen okenn defòmasyon tankou èni, janm fèb ou kwochi, dan ki defòme oswa zago ki defòme.

NAR.1: *Si w'ap chwazi yon poulen pou kwaze, chwazi youn ki laj e fò, ki gen bon janm e zago, ki gen bon dan, ki gen bon do e ki gen bon konpòtman. Chwazi yon poulen ki gen 2 gwo grenn menm gwosè.*

NAR.2: *Pa chwazi yon chwal ki gen okenn defòmasyon tankou èni, janm fèb, yon sèl grenn nan pòch grenn-nan e pa chwazi poulen ki gen dan makak ou dan jako.*

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1; *Nou pral fè yon ti kòzman sou maladi nou rele chabon. Kisa ki kòz chabon. Chabon - yon maladi ki ka frape bèt e ki ka frape moun tou.*

NAR.2: *Se akòz yon mikwòb (yon bakteri) ki rele antraks. Maladi chabon ka frape nenpòt bèt ou moun, men nou wè chabon pi*



souvan nan bèf. Yon bagay ki trè zenpòtan pou nou konnen: si yon bèt ki gen chabon mouri, li kontamine tè kote li te dekonpoze-a. Mikwòb nou rele antraks-la ka kontamine tè-a pou omwens 15 zan. Eske gen de lè maladi-a parèt pi souvan ke dòt?

NAR.1: *Wi Ramo. Apre lapli tonbe oswa apre yon sechrès, nou konn wè plis ka chabon. Men kèk bagay enpòtan pou nou konnen. Yon kabrit pa egzanp ki gen chabon pa ka bay lòt bèt maladi-a dirèkteman. Men kabrit jwenn maladi-a nan tè, nan manje oswa nan dlo ki kontamine ak mikwòb antraks-la. Lòt bagay sèke si nenpòt tik, mouch ou zegwi pike yon bèt ki te gen chabon e apre sa l'al pike yon lòt bèt, li posib pou bay lòt bèt-la chabon tou. Eske ou ka esplike elvè-nou-yo ki siy yon kabrit ki gen chabon genyen?*

NAR.2: *Lè yon kabrit gen chabon, li vin fèb, li gen fyèv wo epi li ka tranble. San ka sòti nan nen'l, nan bòbòt-li e nan dèyè'l. Li ka gen dyare ak san tou. Vant-li ka fè'l mal epi li ka anfle nenpòt kote sitou nan gòj-li. Si se yon manman kabrit, li ka avòte. Kabrit mouri vit avèk maladi sa-a. Gen de lè ou pa wè siy menm eksepte lanmò. Men, si bèt-ou-an ta mouri sibatman, kisa ki ta fè-ou sispèk se maladi chabon ki tiye'l?*

NAR.1: *Apre bèt-la fin mouri: Kò'l pa vin rès apre yon jou kòm li ta dwe rive nòmalman. San bèt-la pa kaye epi li ka gen yon koulè nwa tankou goudwon. Larat-li pi gwo pase nòmal, li mou epi li chire oswa li kraze fasil. Gen san, sa vle di emoraji nan trip-yo, nan ren-yo ki vle di nan grenn vant-yo, gen san nan poumon-an, nan chè-a e nan nenpòt lòt kote andedan kò kabrit-la. Bagay sa-yo trè zenpòtan pou'n rekonèt, m'ap re pran pou nou: Apre bèt-la fin mouri:.....*

NAR.2: *Si ou sispèk yon bèt gen chabon ou bezwen trete'l touswit epi avèk yon gwo dòz penisilin pou eseye sove'l. dòz nòmal-la se 1 cc pou chak 30 liv pwa bèt-la donk w'ap bali 2 cc pou chak 30 liv pwa'l. Sa vle di si kabrit-la peze 100 liv w'ap bali 6 cc penisilin. Pa bliye pran anpil prekosyon ak antibyotik sila-a. Penisilin tankou tout lòt antibyotik-yo gen danje ladan-yo. Sèvi avèk-yo sèlman lè sa nesèsè.*



NAR.1: *Si ou gen lòt bèt pa janm sèvi ak menm sereng ou menm zegwi sou yo. Si ou fè sa, ou ka bay lòt bèt chabon tou. Sa se si bèt-ou-an gen tan trape chabon. Men ou ka anpeche bèt-ou-an trape chabon. Gen yon vaksen ou ka bay kabrit oswa bèf pou pwoteje-yo kont chabon. Vaksen-an dire 1 an nan kò kabrit-la. Alòs ou bezwen repete vaksen sa-a chak ane pou pwotej-yo. Epi si gen gwo risk chabon yon kote, ou gen pou vaksinen-yo ankò ak yon dezyèm dòz 1 mwa apre premye dòz-la. vaksen sila-a rele antraks. Men li gen risk avèk-li tou:*

NAR.2: *Pa egzanp, si yon kabrit gen tan trape chabon men li poko montre-ou okenn siy epi ou bali vaksen chabon-an, lè sa-a sa ka touye kabrit-la vit. Alòs si ou vle vaksinen kont chabon, chache konsèy e èd nan men yon ajan veterinè.*

NAR.1: *Kèk konsèy:*

Atansyon: si ou sispèk yon bèt te mouri akòz chabon, pa fann-li, pa vèse san'l pa touche vyann-li menm!! Pa manje vyann yon bèt ki te gen chabon paske menm si ou kwit vyann sa-a byen kwit, li toujou kapab ba-ou maladi chabon. Boule kadav-la nèt oswa antere'l fon. Sonje ke tè kote bèt-la te ye-a e nenpòt tè kote li te vese san ka toujou kontamine ak mikwòb chabon Antraks pou omwen 15 zan. Sa vle di tè sa-a modi oswa tè-a madichonnen. M'ap rebran pou nou: Si nou sispèk yon bèt te mouri akòz chabon.....

KONTWOL: *MIZIK SOU SWEN POU BAY BET-NOU-YO*

NAR.2: *Nou ta renmen envite elvè-nou-yo ekri nou si yo ta gen kèk kòzman yo ta renmen pataje ak elvè ki dan lòt zòn-yo. Nou ta renmen konnen kisa nou renmen ak pwogram 3 pawòl, kisa nou ta vle retire, ajoute epitou si gen kèk bagay ki pa klè oubyen kèk kòzman nou ta renmen tande ankò. Pa ezite:*

NAR.1: *Ekri-nou nan Biwo IIKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens. Biwo IIKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens. N'ap rebran pou nou kòm chak Vandredi zòn epi non fòmatè ki travay ak ekip ekstansyon IIKA-yo. Nan Nò:*
Zòn Hinche: Joseph Omero



Pernal: Oliodov Denaud
Desvarieux: Josaphat Jeanty
Descloches: Jean-Ricot Paul
Arcahaie: Gracius Claude
St. Marc: Blaise Louissaint
Moreau: Sarah Bernard
Thomonde: Loudor Bellegarde
Gros Morne: Innocent Merat
Pignon: Gabeny Pierre
La Gonave: Maurice Atis e Osmane Deralus
Capotille: Claude Michel
Ferrier: Emile Augustin
Limonade: Samson Neree
Trou du Nord: Pricilien Milien
Quartier Morin: Dickens St. Hilaire
Mont Organize: Jean Marcelus
Jean Rabel: Sevigne Dyclos
Passe Catabois: St. Julien Fertilien
La Montagne: St. Paul Georgelas
St. Louis du NOrd: Justin Moise
Bombardopolis: Emmanuel Blaise
St. Michel de l'Attallaye: Edmond Saintil
e Cap: Arnold Lubin
Pou zòn Sud-lan:

NAR.2: Cayes: Jean Francois Pierre
Lazile: Saintales Desgranges
Cayes: Fortune francois
Les Zanglais: Mme Morena Mars
Rendel: Mme Miguel Charlestin
Damassin: Mme Carobert Pointdujour
Chardonnières: Wicny Dimanche
Coteaux: Mme Ocenio Joseph
Tiburon: Gerturde Gatereau
Port-Salut: Lucie Manuel
La Vallee: Jean Jerome Dure
Leogane: Gerald Joseph
Petite Riviere de Nippes: Theodore Avenan
Port-a-Piment: Mme Blaise Laine
Petit-Goave: Serge Pluviose

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31
32
33
34
35
36
37
38
39
40
41
42
43
44
45
46
47
48
49
50
51
52
53
54
55
56
57
58
59
60
61
62
63
64
65
66
67
68
69
70
71
72
73
74
75
76
77
78
79
80
81
82
83
84
85
86
87
88
89
90
91
92
93
94
95
96
97
98
99
100

Fonds des Blancs: Clervil Clavessaint

Cayes: Elie Octavius

Leogane-Darbonne: Frank Toussaint

Fort-Jacques: Faubert Toussaint

Chateaux (Arniquet): Romain Trezil

Vieux Bourg d'Aquin: Joseph Castor

Dame Marie: Genese Semervil

e Roseaux: Gilbert St. Juste

KONTTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE



KESYONÈ POU PWOGRAM 3 PAWÒL

1- Nan ki zòn ou rete _____

2- Eske kote ou rete-an ou tande pwogram agrikòl
3 Pawòl la klè? wi non

3- Eske ou ka tande Radyo Ayiti byen klè kote
ou rete-an? wi non

4- Ki radyo ki rive byen klè bò lakay-ou?

_____! _____!

5- Kisa ou renmen nan pwogram 3 Pawòl-lan

6- Kisa ou pa renmen? _____

7- Eske gen kèk emisyon ou ta renmen tande
yon lòt fwa? wi non

8- Eske gen kèk bagay ou ta renmen chanje
nan Emisyon yo? wi non

9- Eske ou ta renmen fè echanj konesans-ou
oswa kèk pwoblèm ou gen bò lakay-ou ak lòt
zòn? wi non

五十五

10- Pwogram 3 Pawòl gen kozman sou :

Kochon () Kabrit () Chwal ()

Poul () Pyebwa () Ijyèn ()

Diferan Maladi () Sante se Richès ()

Konsèvasyon sol () Konsey Pratik ()

Kisa ou pi pito ?

Kisa ou ta vle ajoute ?

Bay non yo :

Manm IKA yo remèsye-ou pou repons sa-yo k'ap ede-yo fè pwogram agrikòl 3 Pawòl-la vin you pwogram radyo riral ki reyèlman osèvis kominote-a



